ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№168 (21.576) ● 2009 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 5, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Газ уасэр къызэрыIах хабзэхэр ягъэтэмэмыж

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Меркулов Александр иджыблагъэ хуэзащ «Кавказрегионгаз» ОАО-м и унафэщIу куэд мыщIауэ ягъэува Лисовский Сергей.

ЗЭIУЩIЭМ щыхэплъащ КъБР-р хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ организацэхэм къагъэсэбэпа газым и уасэр зэратым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэуэ щаухуа е щызэрагъэпэщыжа промышленнэ предприятэхэр газым зэрыпащIэ хабзэхэр зэрагъэтэмэмыжым, унэхэм екIуалIэ газ линэхэр зэрызэрахьэм, районхэмрэ къалэхэмрэ газкIэ къызэзыгъэпэщ IэнатIэхэр дызыхуэкIуэ бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым. ЗэIущIэм нэхъ тегъэчыныхьауэ щытепсэлъыхьащ «ЦIыхухэм унагъуэ IуэхукIэ къагъэсэбэп газыр зэрыхуаутIыпщ щIыкIэм и IуэхукIэ» УФ-м и Правительствэм 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къыдигъэкIа унафэр КъБР-м зэрыщагъэзащIэм.

Дызэрыщыгъуазэщи, газ уасэр зэрат хабзэхэр зэрызэрахъуэкIам гугъуехь пыухыкIахэр къиишащ. Абы щыгъуэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм хуигъэуваужэ щытащ абы и щхьэусыгъуэр зэхигъэкIыну, къыкъуэкIа мыхъумыщIагъэхэр гъэзэкIуэжынымкIэ хэкIыпIэхэр иубзыхуну. Арати, «Кавказрегионгазым» и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэмрэ «Урысейм и пощт» федеральнэ IуэхущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэмрэ зэрызэгурыIуам тету, газ уасэр зэратыну документхэр цIыхухэм пощткIэ хуагъэхьу щIадзащ. Абы къыдэкIуэу нэхъ тынш ящIащ щIыхуэ зытехуахэм къата лъэIу тхылъхэм зэрыхэплъэ щIыкIэри. Иджы сом мини 5-м нэс зытелъхэм я лъэIухэм районхэм щыIэ IуэхущIапIэхэм, сом мин 50-м нэс зытелъхэм я лъэIухэм «Къэббалъкъгаз» ОАО-м, сом мин 50-м щIигъу зытелъхэм я лъэIухэм «Кавказрегионгазым» и къудамэу Налшык къалэм дэтым щыхоплъэ.

Меркулов Александррэ Лисовский Сергейрэ убгъуауэ тепсэлъыхьащ цIыхухэм къагъэсэбэпа газым и уасэр зэрат хабзэхэр гъэтэмэмыным. Ахэр зэрызэгурыIуам ипкъ иткIэ, дяпэкIэ газыр къызэрапщ Iэмэпсымэхэр зиIэ абонентхэм газ уасэр нормативхэм тещIыхьауэ къыщыIах къагъэхъунукъым. Апхуэдэу Лисовский Сергей жиIащ щIыхуэ зытелъхэми нэщI мазэр икIыху газыр памыубыдыну «Кавказрегионгаз» ОАО-м унафэ къызэрищтар.

ЗэIущIэм хэтахэр зэрызэгурыIуам тету, КъБР-м ПромышленностымкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и пщэ иралъхьащ газыр къызэрапщ автоматикэ системэр къэгъэсэбэпыным пыщIа Iуэхухэр «Къэббалъкъгаз» ОАО-м щIыгъуу къызэригъэпэщыну, апхуэдэу газ уасэр абонент тхылъхэр къагъэсэбэпурэ цIыхухэм ятынымкIэ гъэунэхуныгъэ Май районым щригъэкIуэкIыну.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

● Депутатым и псалъэ

Къэралыгъуэм и нэщэнэ нэхъыщхьэ

Федерал ухуэкIэ зиIэ сыт хуэдэ къэралми езым еубзыхуж и центрымрэ щIыналъэхэмрэ зэхуаIэн хуей зэхущытыкIэхэр зыхуэдэр. А Iуэхур тэмэму къызэгъэпэща хъун папщIэщ щIыщыIэр Урысей Федерацэм и Къэрал Думэр. Къэралым и хабзэгъэув орган нэхъыщхьэм Iэмал имыIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэри щылэжьэн хуейуэ зэрыгъэувар ди республикэм и къэралыгъуэ зэриIэжым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, ди къэралыгъуэр хъума зэрыхъунури псом япэ зэлъытар а Думэм ди депутатхэм щаIэ зэфIэкIращ. А псори къэлъытауэ, упщIэ зыбжанэкIэ дэ зыхуэдгъэзащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий.

- Адэлбий, республикэм и Iуэхухэр Къэрал Думэм щыпхыбгъэкIыну гугъу?

- ИкIи гугъущ, икIи тыншщ. Ар узыдэлажьэми узэрылажьэми куэдкIэ елъытащ. Сыти жыIи, Къэрал Думэр - хабзэгъэув орган нэхъыщхьэщ, ар лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ IуэхущIапIэщ. ИкIи абы къыщащтэ закон къэс ди республикэм зэрыщылэжьэну щIыкIэм егупсысауэ, а законыр ди республикэм и фейдэ зэрыхэлъым хуэдэу пхыгъэкIынращ дэ ди къалэныр. Къащтэ законхэр куэдыщэ мэхъу, псалъэм папщIэ, гъатхэ сессие кIуам закон 220-рэ къэтщтащ. ЗэрытхузэфIэкIым хуэдэу дыхолэжьыхь абыхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэзэщIакIуэ властым, и Президентым Iуэхугъуэ щхьэхуэхэмкIэ демычэнджэщуи къанэркъым.

- ДызэрыщыгъуазэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и депутату Думэм щыIэхэм фи зэхуаку псалъэмакъ гуэрхэр дэлъащ, Залиханов Михаил республикэм зэран хуэхъу тхыгъэ гуэрхэр зэритхам къыхэкIыу. ЖаIэ а тхыгъэм уэ къебгъэгъэзауэ. А Iуэхум и пэжыпIэр зыIутым щыгъуазэ дыпщIамэ арат.

- Тхыгъэм къезыгъэгъэзар, дауи, Къэрал Думэм и депутатхэращ. Дэ абыхэм депсэлъащ тхыгъэм итыр республикэм щекIуэкI Iуэхухэм сыт хуэдизкIэ къыщхьэщыкIми къагурыдгъаIуэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ щIы Iуэхухэр, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я зэхущытыкIэхэр яхуэтIуэта нэужь, езы депутатхэм жаIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цIыхухэм я къарукIэ яхузэхэмыгъэкIын зэкIэ зэрыщымыIэр, Къэрал Думэм и депутатхэр зыхэIэбэн хуей бэлыхьлажьэ республикэм зэрыщемыкIуэкIыр.

- Абы гугъапIэ къыдитрэ а псалъэмакъыр къызыхэкIа, щIы Iуэхухэм пыщIа 131-нэ федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр халъхьэну?

- Куэдыщэ топсэлъыхь а законым иджыпсту. Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэкъым - Дагъыстанри Урысейм и нэгъуэщI щIыналъэхэри аращ... Арэзы дыкъэзымыщIу куэдыщэ хэлъщ а законым. Абы зэхъуэкIыныгъэ куэд халъхьащ, дяпэкIи халъхьэнущ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, а Iуэхум демыпIэщIэкIыурэ, дысакъыурэ делэжьын хуейуэ къысфIощI. ЩIы кIапэр цIыхуитIми, унагъуитIми, къуажитIми е лъэпкъитIми зэпаубыдынкIэ мэхъу, ар зейр яхузэхэмыгъэкIыжу. Апхуэдэ Iуэхум зэпэщIэувэ къикIынкIэ шынагъуэ щыщыIэкIэ, комиссэ къызэгъэпэщауэ Iуэхум егъэлэжьыныр нэхъыфIу унафэщIхэм къалъытащ. Сэри сфIэкъабылщ апхуэдэ унафэр. СызэрыщыгъуазэмкIэ, а комиссэр къызэрагъэпэщакIэщ, зи гугъу тщIы законым хэлъхьапхъэ зэхъуэкIыныгъэхэр яубзыхун папщIэ. ИгъащIэ лъандэрэ зэхуэдэу республикэм и жылагъуэ псоми къызэдагъэсэбэпу щыта хъупIэхэр гуэшыгъуафIэ хъунукъым, ар апхуэдэу тыншу икIи псынщIэу зэфIэкIыну Iуэхукъым. Законым нэхърэ нэхъыщхьэ щыIэкъым, ар пэжщ, ауэ законхэри зытхыр цIыхущ, абы зэхъуэкIыныгъэ хэзылъхьэжри цIыхущ. АтIэ, цIыхухэр зэпэщIэдмыгъэувэу, а Iуэхухэм зауэ-банэ къыдмыгъэкIыу псори зэфIэкIын папщIэ, лъэныкъуэхэр зэхуэгъэзауэ, зэпсэлъауэ, зи гугъу тщIы комиссэм и лэжьыгъэр лъэныкъуэ гуэрым теухуэн хуейщ. Аращ нобэ зи яужь дитри.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Хъыбарыфl

Къандурым и «Адыгэхэр»

Кинорежиссер, тхакIуэ цIэрыIуэ Къандур Мухьэдин фильмыщIэ трихыну зегъэхьэзыр. Мы гъэм жэпуэгъуэ, щэкIуэгъуэ мазэхэм а лэжьыгъэр Иорданием щекIуэкIынущ. «Адыгэхэр» зыфIаща фильмым и сценариер зытхари, режиссерри, продюсер нэхъыщхьэри Къандур Мухьэдинщ.

ФИЛЬМЫМ лъабжьэ хуэхъуащ Уэсмэн паштыхьыгъуэм хиубыдэу щыта Трансиорданием 1900 гъэм адыгэ мухьэжырхэр зэрыкIуам и тхыдэр. Урыс-Кавказ зауэм дунейм щрикъухьа адыгэхэм я щхьэ къурикIуам теухуами, фильмым пхрыша гупсысэ нэхъыщхьэр Достоевский Федор жиIэгъа «Дахагъэрщ дунейр зэтезыIыгъэфынур» псалъэхэм я мыхьэнэрщ, бедуинхэмрэ адыгэхэмрэ я лъэпкъ щэнхабзэхэр зэрызэмыщхьымрэ абыхэм яхэлъ дахагъэмрэ къэгъэлъэгъуэнырщ.

...ЛъэныкъуитIми я фIэфIыныгъи хуитыныгъи хэмылъу зэманым къигъэув къупхъэ ткIийм зэридзылIауэ зы щIыналъэм щызэдэпсэуну зи фэ къыдэхуа лъэпкъитIыр - хьэрыпхэмрэ адыгэхэмрэ - гуащIэу зэпэщIэуват. Арыншауи хъуртэкъым. Ауэ апхуэдэхэм деж зэрыхъу хабзэрати, Iуэхум зэрамыгугъа кIуэкIэ иIэу къыщIэкIащ: адыгэ щIалэмрэ бедуин пщащэмрэ зэхуащIа лъагъуныгъэ къабзэм, дахэм япэ щыкIэ лъэпкъитIри кыызэщIегъэст, итIанэ зэгуроIуэж...

Аращ, кIэщIу жыпIэмэ, фильмыр зытеухуар. Ролхэр зыгъэзащIэхэм я гугъу пщIымэ, адыгэ «Ромео»-у джэгур Налшык щыщ артист щIалэ, «Хьэтхэр» ансамблым и уэрэджыIакIуэ гупым хэт Бэч Азэмэтщ, «Джульеттэ»-р хьэрып пщащэ Бишарэ Сэхьэрщ. Фильмым апхуэдэу хэтщ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актерхэу УФ-м щIыхь зиIэ и артист Шыбзыхъуэ Басир, КъБР-мщIыхь зиIэ и артистхэу Къумахуэ Мухьэдинрэ Щэрмэт Людмилэрэ, БжэIумых Беллэ, Хьэмыку Жаннэ, «Хьэтхэр» ансамблым и къэфакIуэ КIыщокъуэ Мухьэмэд, нэгъуэщIхэри.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

● Бахъсэн куей

ЯфIэфIу зыщагъэпсэху

Нэгъабэ Бахъсэненкэ жылагъуэр «КъБР-м и къуажэ нэхъыфI» зэпеуэм щытекIуащ. Ар лъэныкъуэ куэдкIэ зэпэщщ, ауэ псом хуэмыдэу къуажэдэсхэр щогуфIыкI абы зыгъэпсэхупIэ парк зэрыщаухуам.

БАХЪСЭНЕНКЭДЭСХЭМ къабзагъэмрэ дахагъэмрэ гулъытэшхуэ хуащI. Абыхэм зэпымыууэ я нэIэ тетщ къуажэм и уэрам нэхъыщхьэхэр зэщIэкъуауэ, екIуу зехьэным.

А жылэм щыщ, зэфIэкI зиIэ хьэрычэтыщIэм и мылъкукIэ иджыблагъэ яухуа паркым, сабийхэми балигъхэми зыщагъэпсэхукIэ, дахагъэм нэр егъэгуфIэ, я гукъыдэжыр къеIэт. Зы гектар хъу нэгузегъэужьыпIэм удз гъэгъахэмрэ жыгыщIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ куэду щагъэтIысащ, тетIысхьэпIэ екIухэмрэ аттракционхэмкIэ къызэрагъэпэщри уэздыгъэхэмкIэ къагъэнэхужащ.

Паркыр махуэми жэщыр хэкIуэтэхункIи цIыхуншэ хъуркъым. Абы зыщызыгъэпсэху нэхъыжьыфIхэми щIалэгъуалэми къагъэлъагъуэ мыр Iуэху щхьэпэу зэрыщытыр, сабийхэр дахагъэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм нэхъ гъунэгъу зэрыхуищIыр, ныбжьыщIэхэм я гур фIым зэрыхуигъэушыр.

Сыту фIыт мыпхуэдэ парк зэщIэкъуахэр республикэм и адрей жылагъуэхэми щагъэтIысамэ! Абыхэм инри цIыкIури щыгуфIыкIынут.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сыт къыщIэуар?

Сербием и Iэщэ хъумапIэхэм ящыщ зы дыгъуасэ жэщым къэуащ.

ЦIыхуих хэкIуэдащ, 16 уIэгъэу сымаджэщым яшащ. Iэщэ хъумапIэр ейт Белград километри 160-кIэ пэмыжыжьэу щыIэ, дзэм папщIэ Iэщэ щызэпкъралъхьэ заводым. КъищынэмыщIауэ, абы къыщыщIагъэкIырт гынымрэ лагъымхэмрэ. Къэхъуар хабзэхъумэ органхэм зэхагъэкI.

КъэхъукъащIэ шынагъуэхэр

Мексикэм щагъэзэкIуэж «Хименэ» зыфIаща жьапщэм зэтрикъутахэр. ЦIыхухэм я унэ къутахуэхэр зэпкърахыж, я мылъкум щыщ гуэр къелауэ къагъуэтыжыным щыгугъыу. Япэ къатхэм псыр насоскIэ къыщIашыж.

«Хименэ» «щыхьэщIащ» Калифорние Ипщэми. Абы егъэлеяуэ кхъухь куэд зэтрикъутащ, пкъохэр къыхитхъри цIыхухэр электрокъаруншэу къигъэнащ, жыгхэр гъуэгущхьэм къытридзэурэ, псори зэхуищIащ. Ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ кIуатэурэ, ар нэхъ къаруншэ хъуауэ цIыхухэм къафIощI, ауэ «Хименэ» иджыри зэрышынагъуэр метеорологхэм жаIэ.

Африкэм и къухьэпIэ лъэныкъуэм щыпсэухэр зыгъэгузавэр мыувыIэжу къешх уэшхырщ. Абы къиша псыдзэм цIыхуитху хэкIуэдащ, мини 150-м я унэ-лъапсэр ихьащ. Дзэм и зауэлIхэр насыпыншагъэ зылъыса цIыхухэм ядоIэпыкъу.

Я фIэщ хъужыркъым

США-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Роберт Гейтс зэрыжиIэмкIэ, Афганистаным щаIыгъ дзэхэр щIэх кърашыжынукъым, уеблэмэ, абы я унафэщIхэр зэрыщIэлъэIуу, цIыху бжыгъэм хухагъэхъуэну хъэзырщ.

- Си гугъэкъым Афганистаным дыщикIыжын хуей пIалъэр къэсауэ. Ар терроризмэм пэщIэувэу къетхьэжьа Iуэхум зыкIи къезэгъынукъым. Ди текIуэныгъэр а къэралым щытIэщIэкIыуи слъагъуркъым. Мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу, Президентым и унафэр абы зэрыщыдгъэзащIэр нэрылъагъу хъунущ, - жеIэ Роберт Гейтс.

ИгъэIуа пцIыр зи фIэщ хъужу щIэпхъуа Хъуэжэ США-м и министрыр ещхь зэрыхъум и щыхьэтщ Афганистаным щалэжьхэм мыхьэнэ лъэпкъ къимыкIыу къэралым щыпсэухэм ящыщу процент 50-м щIигъум зэралъытэри.

ЩIэрыщIэу щIадзэжрэ?

Китайм и Урумчи къалэм аргуэру гъуэгу псори щызэхуащIащ, цIыхухэм зыкъамыIэтыным ткIийуэ полицэр щыкIэлъоплъ.

Иужьрей зэрызехьэхэм я ужькIэ мазитIкIэ мамыру псэуа Синьцзян-Уйгур автоном куейм вэсэмахуэ пэкIушхуэхэр щекIуэкIащ. Абы хэтащ Хань лъэпкъым щыщу цIыху мини 10 бжыгъэхэр.

Зэхуэсахэм яукъуэдийрт цIыхухэм я шынагъуэншагъэр властым дагъуэншэу къызэригъэпэщын хуейуэ. ШыщхьэIум и 20-м, полицэм къызэрибжамкIэ, Китайм щынэхъыбэ хань лъэпкъым щыщу 500-м теуахэщ. АбыкIэ ягъэкъуаншэ уйгур лъэпкъыр. Уйгуру цIыхуитI бадзэуэгъуэм и пэщIэдзэм хань лъэпкъым щыщхэм зэраIэщIэукIэрэ, къаугъэр Китайм и властхэм яхуэгъэзэкIуэжыркъым.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 5, *щэбэт*

- 1899 гъэм Данием и профсоюзхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ зэращIылIат «Зэгуры-Iуэныгъэ нэхъыщхьэр». Ар лэжьыгъэм и зэхущытыкIэщIэхэм къежьапIэ хуэхъуащ.
- ФокIадэм и 5-8-хэм Будве (Черногорие) щызэхэтынущ илъэс къэс екIуэкI Урысей банкхэм я фестиваль.
- Къэзан (Тэтэрстан) къыщызэIуах «Шелковый путь-2009» зыфIаща ДунейпсоА авторалли. Ар ирикIуэнущ Урысейм, Къэзахъстаным, Тыркумэным я гъуэгухэм. ФокIадэм и 13-м Ашхабад щызэхуащIыжынущ.
- 1932 гъэм Iуащхьэмахуэ и джабэм, метр 4200-рэ и лъагагъыу, щаухуащ «Приют одиннадцати» зыфIаща турбазэр.
- **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 32-м, къухьэжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 38-м.**
- **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакъикъи 6-рэ.**

ФокIадэм и 6, *тхьэмахуэ*

- **ЩIыдагъэ, газ промышленностым и лэжьакIуэхэм я махуэщ.**
- Свазиленд ПащтыхьыгъуэмиI лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1968 гъэм къэралыр щхьэхуит хъуащ.
- **Шэшэн Республикэм и махуэщ.**
- Болгариер щызэгухьа махуэр ягъэлъапIэ (1885 гъ.).
- 1974 гъэм Байкал-Амур гъущI гъуэгум (БАМ) и япэ километрым щыщ Iыхьэр яшэщIащ.
- 1939 гъэм Налшык шыгъэжапIэ (ипподром) къыщызэIуахащ.
- **Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 34-м, къухьэжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 36-м.**
- **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакъикъи 3-рэ.**

ФокIадэм и 7, *блыщхьэ*

- Илъэс 30 и пэкIэ дипломат зэхущытыкIэхэр зэхуаIэ хъуащ СССР-мрэ Гренадэмрэ. 1991 гъэм и дыгъэгъазэм Урысей Федерацэм къищтащ СССР-м и къалэн псори.
- ФокIадэм и 7 - 23-хэм Париж (Франджы) щекIуэкIынущ ЮНЕСКО-м и ГъэзэщIакIуэ советым и сессие.
- Париж щызэхэтынущ Европэм и Парламент ассамблеем и Советым и Бюро (ПАСЕ). Абы IэIэткIэ щыхахынущ Европэм и Советым и унафэщI нэхъыщхьэр.
- **Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 35-м, къухьэжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 34-м.**
- **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 59-рэ.**

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЦIыхугъэншэм удэпсэу нэхърэ цIыхугъэ зиIэм удэкIуэд.

● Дыгъуасэ

Жылагъуэ палатэм и япэ зэхуэс

Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен и унафэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм хагъэхьа цIыху 18-м я япэ зэIущIэ дыгъуасэ Профсоюзхэм я Унэм щекIуэкIащ.

АР КЪЫЗЭIУИХРИ республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыну дзыхь зрагъэзахэм гуапэу ехъуэхъуащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Къуэшрокъуэ Залым**. Къызэхуэсахэр адэкIэ абы щыгъуазэ ищIащ я лэжьыгъэр зэраухуэну щIыкIэм.

ЗэIущIэм щыхахащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хагъэхьэну ди щIыпIэм щатха икIи щылажьэ урысейпсо щIыналъэ зэхуаку жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я щIыналъэ къудамэхэмрэ щIыналъэхэм щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лIыкIуэу къагъэлъэгъуэну цIыхухэм я дэфтэрхэм хэплъэну комиссэ. Абы хэтыну хуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан**, Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъум и «Къуршхэм я геофизикэмкIэ институт» къэрал IуэхущIапIэм и программэхэм щIэныгъэмкIэ и унафэщI **Федченкэ Людмилэ**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ **Созаев Ахъмэт**.

Жылагъуэ палатэм хагъэхьэнухэр жыджэру икIи жэуаплыныгъэ ин пылъу къагъэлъэгъуэну зэIущIэм хэтахэм ди республикэм щыIэ зэгухьэныгъэхэм зыхуагъэзащ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Ди къуажэ щIыналъэхэм

IэнатIэншэхэм ядоIэпыкъу

АДЫГЕЙ. ***Республикэм ЦIыхухэр лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и центрым еджапIэ нэхъыщхьэхэр къэзыухахэр стажировкэ игъэкIуэнущ икIи абы сом мелуан 1,5-рэ тригъэкIуэдэнущ.***

ЦЕНТРЫМ и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, япэ къихуэу дзэм къулыкъу щызыщIэу къэзыгъэзэжахэм, стаж зимыIэхэм, лэжьыгъэ IэнатIэ Iуувэн и пэкIэ зыхуеджа IэщIагъэм, щылэжьэну IэнатIэм и щэхухэр къащIэн щхьэкIэ, мазищкIэ стажировкэ кIуэну Iэмал яIэщ. А зэманым кърихубыдэу абыхэм иратыну улахуэр центрым къыбгъэдэкIынущ. Дызэрыт илъэсым цIыху 80-м ядэIэпыкъуну я мурадщ.

Сыхьэт бжыгъэ токIуадэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкIэ и комитетым къызэритамкIэ, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм щIыналъэм къакIуэ туристхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ, курортхэр, санаторэхэр зэпэубыдащ, унагъуэхэм къыщыувыIэхэри гъунэжщ.***

КОМИТЕТЫМ и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, Абхъазым зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм я нэхъыбэм унагъуэ щхьэхуэхэм къыщыувыIэну нэхъ къащтэ. Сыту жыпIэмэ, щIыналъэм щыпсэу цIыхухэм нэхъ япэгъунэгъущ, абыхэм я псэукIэр зрагъащIэ, щIыпIэ гъэщIэгъуэнхэр, дахэхэр зрагъэлъагъу. Псалъэм папщIэ, туристхэр дахьэх Рицэ гуэлым, Новый Афон бгъуэнщIагъым, Кодор аузым и щIыпIэхэм, нэгъуэщIхэми. Абы нэмыщIкIэ, Абхъазым Iуэхутхьэбзэхэр, шхапIэхэр, ерыскъыхэр нэхъ щыпудщ.

Туристхэм гугъуехьыу къалъытэр зыщ - урысей-абхъаз гъунапкъэр зэпычыныращ. Абы укъызэпрыкIын щхьэкIэ сыхьэт бжыгъэ щытекIуадэ щыIэщ.

Хьэфиз Маасум Мустэфа ягъэхьэщIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Сауд Хьэрыпым и Мадинэ къалэ дэт хьэфизхэр (КъурIэныр гукIэ зышIэ) щагъэхьэзыр дунейпсо центрым и унафэщI, щIэныгъэхэм я доктор, хьэфиз Маасум Мустэфа Кавказым и лъэпкъхэм я урысей конгрессымрэ щIыналъэхэм я Дин IуэхущIапIэхэмрэ кърагъэблагъэри япэу КъШР-м щыхьэщIащ.***

ХЬЭФИЗ Маасум Мустэфа республикэм и муслъымэнхэм яIущIащ, мэжджытым щыIащ, нэщI лъапIэмкIи цIыхухэм ехъуэхъуащ. Апхуэдэуи хьэщIэр ирагъэблэгъащ иджыблагъэ каратэмкIэ Дунейпсо чемпионатым щытекIуа КъШР-м и спортсмен Хьэжы Расул и гуфIэгъуэм. ЗэIущIэм хэта республикэм и президент Эбзеев Борис чемпионым машинэ псынщIэм и IункIыбзэIухыр иритащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙОлег.

Ди псэлъэгъухэр ■ Футбол ■ Iуэху еплъыкIэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Литературэ ■ Щэбэт къыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм гу зылъатапхъэ

«УРЫСЕЙМ И ПОЩТ» федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм 2009-м фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ къызэIуех газетхэмрэ журналхэмрэ 2010 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къезыгъэхьынухэм пощтым и IуэхущIапIэ псоми Iэ щытрегъэдзэныр.

Пощтым и IуэхущIапIэхэм газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щытезыдзэхэм ахэр езыхэм я унэм хуахьу е пощт IуэхущIапIэхэм къыщыIахыжу ящI хъунущ. Газетхэмрэ журналхэмрэ къегъэхьыным пыщIауэ ягъэува хабзэхэм нэхъ кууэ щыгъуазэ зыщыхуэфщIыфынущ пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм и къудамэу КъБР-м щыIэ.

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Къэралыгъуэм и нэщэнэ нэхъыщхьэ

- Залиханов Михаил а тхыгъэр депутатхэм щIаIэригъэхьам и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэ уи дежкIэ?

- Пэжыр жысIэнщи, езы Залихановым сытепсэлъыхьыну сыхуейкъым, ауэ, Къэрал Думэм и депутатыр щызогъэтри, журналист къызэрыгуэкI гуэрым республикэм и Iей къэзыгъэлъагъуэ итхамэ, ар зэрымыпэжыр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрымамырыр абы еджахэм къагурыбгъэIуэжыным икъукIэ зэманышхуэ токIуадэ. Къищынэмыщlауэ, зы мащIэкIэ пэжыр щызэблэша хъыбар нэхъ мыхьэнэншэри зэран хуохъу республикэм и экономикэм и мылъку къыхалъхьэным - хьэрычэтыщIэхэр тегушхуэнукъым зэгурыIуэныгъэ здэщымыIэ щIыналъэм я ахъшэм щыщ хуаутIыпщыну. Абыхэм пэжыр къагурыбгъэIуэжа нэужьи, илъэс бжыгъэхэр токIуадэ инвестицэ Iуэхухэм зыкъаужьыжыным. Зыми жиIэфынукъым ди экономикэм зимыужьу. Лъэныкъуэ куэдкIэ долэжь абы. Псалъэм папщIэ, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ къулыкъухэм пэрыту лэжьэнухэр къыхэхауэ гъэхьэзырыным Урысейм щытепсэлъыхьын щIадзагъащIэу аращ, ауэ ди республикэм а Iуэхур зэриублэрэ илъэси 3 мэхъу.

- Адэлбий, къыкIэлъыкIуэ упщIэр уэстын и пэкIэ, ар къызыхэкI Iуэхугъуэхэр къэзгъэлъэгъуэн хуей мэхъу. Дунейпсо экономикэм и хабзэ нэхъыфIхэм тету Къэбэрдей-Балъкъэрым Iуэхухэр щалэжь иужьрей илъэсищым. Ди республикэм мылъку нэхъ къызэрилэжьыфыну унэтIыныгъэхэр къыхагъэщхьэхукIауэ, абыхэм зрагъэужьыным ахъшэр IэкIуэлъакIуэу халъхьэ. Мэкъумэш IэнатIэр, туризмэр, бгым, щIы щIагъым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэм псэуалъапхъэхэр къыхэщIыкIыныр, мис а унэтIыныгъэхэраш зи гугъу сщIыр. А щым зегъэужьыным шэщIауэ зэрелэжьыр наIуэщ. А Iуэхухэм халъхьэну мылъкур ди республикэм и Президентым, и Правительствэм езым къагъуэтын хуей мэхъу, Москва къызэрыдэIэпыкъу щIагъуи щымыIэу къыпфIощI. Абы щыгъуэми, Iуащхьэмахуэ районым - а унэтIыныгъищым щыщу тIум хиубыдэм - дин, лъэпкъ экстремизмэм епхауэ щалэжь мыхъумыщIагъэм хохъуэр. Зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэм зрамыгъэужьыну арагъэнщ а псори щIащIэр.

КIэщIу къэзгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм уегупсысмэ, упщIэ къоув: Инвестицэ мылъку имыгъэлъыхъуэу, федеральнэ бюджетыр щхьэ къыдэмыIэпыкъурэ Къэбэрдей-Балъкъэрым? Апхуэдиз зытражыIыхь лъэпкъ проектхэр къапщтэмэ, ухуэныгъэм ехьэлIауэ ялэжь щыIэкъым. Налшык унэ кхъахэхэр егъэлеяуэ щыкуэдщ. Абы щыпсэур нэхъ хуэмыщIауэ, дин экстремизмэм хашэну нэхъ зэныкъуэкъу щIалэгъуалэраш. Ауэ нобэр къыздэсым лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ зыри ягъэIэпхъуакъым.

Мис апхуэдэ Iуэху нэхъыщхьэ хэр центрым гулъытэншэу къызэригъанэм урегъэгупсыс ди республикэм зиужьыным зи фейдэ хэмылъ къаруушхуэ Москва щыIэу. А Iуэхугъуэхэм дауэ уэ уеплърэ?

- Егъэлеяуэ упщIэ куущ

икIи ар жэуапыншэу къэдгъэнэнкIэ Iэмал зимыIэщ. Къэрал унафэщIхэм жаIэу зэхэфх къыщIэкIынщ ахъшэ хуэныкъуэ щIыналъэхэм мылъку иратын-ирамытыныр, ар зыхуэдизынур абыхэм я экономикэр зэрефIакIуэм елъытауэ зэрыщытынур. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэр ядызоIыгъ абыхэм, сыту жыпIэмэ, къызыхуэмыгъэсэбэпынум ахъшэ епту, мылъкур жьым щIыхэппхъэн щыIэкъым. АтIэ, ди республикэм хуиту ахъшэ къыхуаутIыпщыным зэранышхуэ хуохъу Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ, дин экстремизмэр зэрыщыIэр. КъапщтэмэI, щIыналъэ куэдым щыIэщ абы епха гугъуехьхэр. А Iуэхухэм дапэщIэувэн хуей мэхъури, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным тедгъэкIуэдэн хуей къарумрэ мылъкумрэ щыщ куэд абы тфIэхь. Республикэм и Президентым, и Правительствэм лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ, нэхъыбэжи къапэщылъщ.

Москва ахъшэ къыдимыту жыпIэну къезэгъкъым - Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэ къыIэрыхьэр мылъкушхуэ мэхъу. Ауэ ари ирикъункIэ Iэмал иIэкъым, абыкIэ Iуэху псори зэуэ пхуэлэжьынукъым. Гу лъытапхъэщ: иужьрей илъэсхэм федеральнэ бюджетым ахъшэ нэхъыбэ къиутIыпщ щIэхъуар экономикэм дызэрелэжьыр ялъагъури арагц. «Зэпымыуүэ къыдэфт» жывоIэ, ауэ фэ езым зывгъэхъейкъым», - къытхужаIэфынукъым иджы, сыту жыпIэмэ, бюджетым и процент 75-р Урысейм къиутIыпщу щытамэ, нобэ процент 50-ращ къеIытхыжыр. Ар Урысейм и адрей щIыналъэхэм еплъытмэ, центрым зэрыщыгугъыр апхуэдизкIэ зыгъэмэщIэфа яхэткъым. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ икIи экономикэм зэрызиужьым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ къызолъытэр. Налогыу къыхэкIыр 3-4-кIэ нэхъыбэ хъуащ, куэд щIауэ къэмыхъужа Iуэхуу, ухуэныгъэр объект 50-м щIигъум щокIуэкI. Школ 15-м нэс яухуащ иужьрей илъэси 2-3-м. Мис а псоми текIуадэ ахъшэр Москва къокI.

Нобэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхуэныкъуэ Iуэхухэмкiэ хуиту, ягу зэIухауэ республикэм и унафэщIхэр федеральнэ властым бгъэдохьэф, ахъшэ кърамын хуейуи яукъуэдииф, лэжьыгъэ пыухыкIа ди щIыналъэм зэрыщекIуэкIым и фIыгъэкIэ. Абы ипкъ иткIэ, Iуащхьэмахуэ зегъэужьыным теухуа федеральнэ программэр пхыкIащ, абы текIуадэ мылъкушхуэм и нэхъыбэр федеральнэ бюджетым къыхокI. А бюджетым ахъшэ къызэриутIыпщри, республикэм и унафэщIхэр тэмэму зэрылажьэри хьэрычэтыщIэхэм ялъагъури, я мылъку ди экономикэм къыхалъхьэным тогушхуэ. Мис апхуэдэурэ зэпыщIащ а Iуэхухэр. Дызыхуэчэм ахъшэм нэхърэ нэхъыбэ къыдату щытми, си щхьэкIэ сыхуейкъым Урысейм къикI ахъшэкIэ дыпсэуну. Апхуэдэу улэжьэфынукъым, нэгъуэщIым къуитымкIи псэуа ухъунукъым.

Республикэр и мылъкукIэ зыпэмылъэщ Iуэхугъуэхэм Москва щыгъуазэщ, щIыналъэ унафэщIхэр етIысэкIкъыми. Ауэ нобэ къехьэжьа хъуа проектхэм щыщ куэдым къагъэзэнущ дунейпсо финанс кризисым и зэранкIэ. ИтIани, а кризисым и зэманми, республикэм игъэлъэгъуэн иIэщ - лэжьапIэншэхэм ди деж щыхощI, уэру адрей щIыналъэхэм апхуэдэм щыхэхъуэ пэтми, иужьрей технологиемкIэ къызэгъэпэща хуабэщ лъэрызехьэхэр яухуэ, Iуащхьэмахуэ дэкI гъущI кIапсэ гъуэгухэри хьэзырщ, IэнатIэщIэхэр хуэмурэ къызэIуах, бизнес-инкубаторхэр мэбагъуэ. А псори зэфIагъэкIа лэжьыгъэм щыщщ. АтIэ, апхуэдэу Iуэхухэр зэрефIакIуэм зэран хуэхъуну хуейхэр щыIэ жыпIэмэ, дауи, щыIэщ. Оппозицэр сытым дежи щыIэн хуейщ икIи, абы пэжыр жиIэфмэ, Iуэхур ефIэкIуэнущ. Ауэ зыри дымыхъуу, дунэхъуу жыпIэу укIийкIэ мыхьэнэ иIэкъым. КъытхуэмыфIхэр апхуэдэурэ зэрыкIийри нэхъыфIщ, пэжыр жызыIэр хэтми нэхъ тыншу зэхэгъэкIа мэхъу. Псалъэм папщIэ, зи гугъу тщIа тхыгъэр Залиханов Михаил игъэхьэзыращ, ар абы хуитти. Сэри, сыхуитти, депутат къэс сыбгъэдыхьэурэ си Iуэху еплъыкIэр хуэсIуэтащ. Арагц Iуэхум хэлъыр - зыкIи дызэпэщIэмыувэу ди Iуэху еплъыкIэхэр къэтIуатэри, псоми къащтар тIуми жытIам щыщу нэхъ пэжращ. Сыт хуэдэ IуэхукIи узэпсэлъэфу щытын хуейщ. Центрым къыгурымыIуэу схужыIэнукъым Къэбэрдей-Балъкъэрыр унэхъуауэ, щIэтIысыкIауэ зэрыжаIэр зэрыгъэпцIагъэр. Ди республикэм зыщ къыхуэтыр: дауэ уеплърэ ди щIыналъэм щыпсэухэм зауэ щыIэну хуейуэ сыт хуэдиз бжыгъэ къахэкIын? Нобэ ирехъуи, проценти 10-ми нэсынкъым. АтIэ, мыдрей процент 90-р зэдгъэуIуу а проценти 10-м пэдгъэувыфкъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ ди республикэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр щыIэкъым. УнафэщIхэм ялэжьыр къафIэIуэхуэхуу, ар даIыгъыу щыткъым.

- Ар къыхэкIыу къыщIэкIынщ дэтхэнэри и щхьэ, и унагъуэ Iуэху япэ иригъэщу зэрыпсэум.

- А унагъуэм и пщафIапIэми щекIуэкI къыщIэкIынт къэрал Iуэхухэм теухуа псалъэмакъ гуэрхэр. Арагц цIыхубэ организацэу нэхъыбэ щыIэн щIыхуейр. Цlыхубэ палатэр, ЩIалэгъуалэ правительствэр нобэ къызэрагъэпэщ. Зы организаци лей хъунукъым мы лъэхъэнэм. ЩIы Iуэхухэм елэжьыну комиссэ къызэрыунэхуари икъукIэ хэкIыпIэфIщ. А комиссэм и зэIущIэм кърекIуэ иджы нэхъыжьхэм я Советри, Адыгэ Хасэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутатхэри. Абы къакIуэу хэти щыпсэлъэну хуитщ. Газет, Интернет напэкIуэцIхэм тхыгъэкIэ «ущызэзэуэныр» хэкIыпIэкъым. Апхуэдэу зэпэувхэр зэбгъэдэтIысхьэу сыт хуэдэ Iуэхуми тепсэлъыхьыфу щытмэщ хэкIыпIэр къыщагъуэтынури. Ауэ иджыри къэс ахэр щызэбгъэдэтIысхьэн утыку диIакъым. А къалэныр нобэ ягъэзэщIэн хуейщ зи гугъу тщIы комиссэм и зэIущIэхэм.

- Кавказ Ищхъэрэ псом щытыкIэр щыгугъущ нобэ. Балъкъэрхэмрэ къэрэшейхэмрэ зы лъэпкъщи, зэгухьэжыну мэныкъуакъуэ. Адыгэхэри зы хъужыным хуопабгъэ. Зэрылъэпкъ щхьэхуэр пхагъэкIыным щIохъуэпс къэзакъхэри. АтIэ, Ищхъэрэ Кавказым и административнэ гъунапкъэхэр ихъуэжу, (Краснодар, Ставрополь щыналъэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм субъектищ къыхищIыкIмэ (Къэрэшей-Балъкъэрыр, Шэрджэсыр, Къэзакъ губерниер), экономикэ и лъэныкъуэкIэ федеральнэ бюдже тыр нэхъ зэгъэзэжуа мэхъу. Ауэ политикэ и лъэныкъуэкIэ дауэ уеплърэ, сытыр къэрикIуэну абы?

- Апхуэдэ гуэшыкIэм фIы лъэпкъ нобэ къызэримыхьынум шэч хэлъкъым. Къущхьэхъу хъупIэ къудейхэр тхузэрыгъэгуэшкъым, уи нэгу къыщIэгъэхьэт апхуэдиз щIыналъэм я административнэ гъунапкъэхэр щIэрыщIэу убзыхужыным къэрикIуэнкIэ хъуну шынагъуэр зыхуэдэр! Аддэ, зэман жыжьэ гуэрым, апхуэдэ Iуэхухэм утепсэлъыхьыну къыщезэгъ псэукIэм дыхуэкIуэнкIэ хъунщ, ауэ сэ нобэ сыхуейщ ди лъэпкъыр мамыру псэуну, хуиту зиужьыну. ЦIыхухэр, лъэпкъхэр хуэхьэзыркъым а уэ зи гугъу пщIы зэхъуэкIыныгъэхэр къехьэжьэным, щIэх хуэхьэзыр хъунуи фIэщ щIыгъуейщ. Ауэ щIыналъэхэр зэгуагъэхьэурэ нэхъ ин зэращIым утепсэлъыхьмэ, ар нэгъуэщI Iуэхущ, гъунапкъэхэр Iупхыныр нэхъ тыншщ, Ипщэ Федеральнэ округыр Урысейм и зы щIыналъэу зэхэту. Зи гугъу тщIы зэхъуэкIыныгъэхэм хуэхьэзыр хъумэ, ар езы цIыхубэм къыбгуригъэIуэнущ. Абы къыхэкIыуи, зэкIэ узытепсэлъыхьын гуэр а Iуэхухэм хэлъкъым.

- Адэлбий, иджыблагъэ Москва къикIа комиссэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIащ, зэрыжаIамкIэ, дунейпсо финанс кризисым нэхъ пэщIэтыгъуафIэ хъун папщIэ, мылъкур къыщыдэбгъэхуэну нэхъ къезэгъ Iуэ хухэр зэхагъэкIын папщIэ. Ар иужь ихьат адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ курыт еджапIэхэм щезыгъаджэхэр ягъэмэщIэну. ИкIэм-икIэжым, къуажэхэм Iуэхур зэрыщыту къыщагъанэри, къалэ еджапIэхэм егъэджакIуэхэр щагъэмэщIащ. Къищынэмыщlауэ, адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ къыдэкI газетхэри зэхуащIыным тепсэлъыхьэу хуежьащ. Налшык егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр и колледжми адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмкIэ къудамэ хэр щызэхуащIыным и Iуэхур зэкIэ зэхэкIакъым. Ар къэзыухахэм щрагъаджэ 1-9-нэ классхэм. АтIэ, а Iуэ хухэр лъэпкъ зэхущытыкIэхэр нэхъыкIэ зыщIхэм ящыщу лъытапхъэкъэ?

Шынагъуэ щыIэкъэ федеральнэ властымрэ республикэмрэ зэкъуэчыным апхуэдэ Iуэхухэр телэжьэнкIэ?

- Москва щыIэ унафэщIхэм абы къихь зэраныгъэхэр зыхуэдэр къагурымыIуэми, цIыхубэ организацэхэм ар яхужыIэнущ икIи жаIэ, апхуэдэ Iуэху мыщхьэпэхэр зэтрагъэувыIэнуи яхузэфIокI. Къищынэмыщlауэ, къэрал ухуэкIэм дяпэкIэ зихъуэжынущи, щэнхабзэм, бзэ Iуэхухэм, лъэпкъ гъуазджэм ехьэлIауэ дыкъэзыгъэгузавэ зэрыщыIэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ щIыналъэ псоми (Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, адрей ди гъунэгъу республикэхэм) ятхын хуейщ, къэрал унафэщIхэм яIэрыхьэн хуэдэу. ИтIанэ, а Iуэхухэм теухуауэ цIыху нэхъыбэ къэгъэпсэлъапхъэщ. Лъэпкъ Iуэхухэр зы мащIэкIэ центрым дикъуэмэ, Урысейр ягъэкъуаншэу къаугъэ къаIэтыным куэд щIохъуэпс. Ар центрри щIыналъэхэри икъукIэ зыхуэсакъын хуей Iуэхущ. Ар дин экстремизмэм текIуэжыфыну шынагъуэщ, сыту жыпIэмэ, зы Iуэху мыхьэнэншэм къаугъэ къикIыфынущи. ЦIыхубэм и зэхэщIыкIыр лъагэмэ, апхуэдэ лъэпощхьэпохэр къэхъунукъым. Мамыру ахэр щызэфIэкIын IэнатIэхэр щыIэщи, абыхэм къыщыхэлъхьэн хуейуэ арагц. Псалъэм папщIэ, «парламентым и сыхьэткIэ» еджэу Къэрал Думэм щекIуэкI зэхуэсхэм республикэм и Парламентым щыщхэр ирагъэблагъэурэ къыщагъэпсалъэ. Абы апхуэдэ Iуэху псори къыщыIэтын хуейщ. Къэрал Думэми ФедерацэмкIэ Советми лъэпкъ IуэхухэмкIэ комитетхэр, Урысей Федерацэм и ЦIыхубэ палатэр - ахэр щыIэщи, абыхэм ядэлэжьэн хуейуэ арагц. Зи гугъу пщIыхэр хэмытIасэ щыкIэ, псынщIэу зэлэжьы-пхъэщ, сыту жыпIэмэ, ахэр зэхагъэзэрыхьмэ, гъэтэмэмыжыным къэралым тригъэкIуэдэну мылъкур куэдкIэ нэхъыбэщ, ягъэмэщIа егъэджакIуэхэм я улахуэу къыдагъэхъуэнум нэхърэ.

- Адэлбий, ди зэпсалъэм и кIэухыу, газетым и щIэджыкIакIуэхэм сытыр яжепIэнт?

- Псом япэрауэ, республикэм щыпсэухэм сехъуэхъуну сыхуейт ди къэралыгъуэм и махуэмкIэ. Я гъащIэр, я псэукIэр ефIакIуэу, зытегузэвыхьын щымыIэу псэунхэу Тхьэм жиIэ. Газетым фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт гулъытэ къызэрытхуищIамкIэ, ди лэжьыгъэм, ди IуэхущIафэхэм цIыхухэр щыгъуазэ щIынымкIэ къызэрыддэIэпыкъум къыхэкIыу. Нобэрей гъащIэр тыншкъым, зи гугъу тщIа Iуэхухэм дапэлъэщын папщIэ, псори дызэкъуэувэу зэгъусэу делэжьын хуейщ.

Епсэлъар **ГЪУЩIО Зарифщ.**

●КъБР-м и хьэщIэхэр

ШыщхьэIум и 31-м Театр щхъуантIэм концерт щитащ урысей эстрадэм и «вагъуэ» цIэрыIуэ Лепс Григорий. Республикэм щыпсэухэм апхуэдэ тыгъэ яхуищIащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

ЦIыхушхуэ къекIуэлIат а пщыхьэщхьэм Театр щхъуантIэм икIи артистыр утыку къызэрихьэу Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ. Макъамэр къыщыIум псори зэуэ щэху хъуащ, уэрэджыIакIуэм и макъ лъэщымкIэ, шэч хэмылъу, дэтхэнэ зыми и гум дыхьат. Сыхьэ титIым нэблагъэкIэ екIуэкIа концертым Григорий Лепс щигъэзэщIащ уэрэдыщIэхэри куэд щIауэ цIыхухэм фIыуэ ялъэгъуахэри, иужьрейхэм къызэхуэсахэр ину дежьууэ жаIащ.

- Фи республикэр дахэщ! Фи цIыхухэр гуапэщ! Псори сигу ирохь! Илъэс 20 и пэкIэ сыщыIауэ щытащ сэ Налшык, иджы етIуанэу къызэрытезгъэзэфам сыщогуфIыкI, - жиIащ Григорий Лепс. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Майор Томин министрым деж щохьэщIэ

ТЕАТРЫМРЭ киномрэ щыцIэрыIуэ артист, НТВ телеканалым «Iуэхур зэхагъэкIащ...» и нэтыныр езыгъэкIуэкI Каневский Леонид фильмтех гупыр щIыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэщ. Абыхэм республикэм щагъэхьэзырынущ щIэпхъаджагъэ хьэлъэ пщIы бжыгъэхэр зылэжьа «Уэсмэным и бандэр» 70 гъэхэм КъБР-м и милицэм и лэжьакIуэхэм зэраубыдауэ щыта щIыкIэм теухуа фильм.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ генерал-лейтенант Томчак Юрий актер цIэрыIуэм IущIащ. Республикэ милицэм и унафэщIым игу къигъэкIыжащ къалэным хуэпэжынымрэ IэщIагъэм хуэIэижьу щытынымкIэ куэдым щапхъэ яхуэхъуа майор Томин и ролыр Каневский Леонид щигъэзэщIа «Следствие ведут знатоки» фильмыр икIи и гъащIэ гъуэгур къыхихынымкIэ ар тегъэщIапIэ къызэрыхуэхъуар къыхигъэщащ.

Я зэIущIэм и фэеплъу министрым Каневский Леонид щIакIуэрэ бгырыс пыIэрэ, апхуэдэуи кIэрахъуэхэр зэрылъ саугъэт иритащ.

Фильмым елэжьыныр къызэрыдиIыгъамрэ къыхуищIа гулъытэмрэ папщIэ артист цIэрыIуэм министрым фIыщIэ хуищIащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

●Футбол

ФокIадэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭ

ТIощIрэ езанэ джэгугъуэ

ФокIадэм и 12 *(щэбэт)*

«Кубань» (Краснодар) - «Химки» (Химки)

«Рубин» (Къэзан) - «Сатурн» (Мэзкуу область)

«Москва» (Мэзкуу) - «Амкар» (Пермь)

ЦСКА (Мэзкуу) - «Крылья Советов» (Самарэ)

ФокIадэм и 13 *(тхьэмахуэ)*

«Тэрч» (Грознэ) - «Томь» (Томск)

«Зенит» (Санкт-Петербург) - «Ростов» (Дон Iус Ростов)

«Динамо» (Мэзкуу) - «Спартак» (Мэзкуу)

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Локомотив» (Мэзкуу)

Чемпионхэм я лигэ

Гуп зэхьэзэхуэ.

Япэ джэгугъуэ

ФокIадэм и 15 *(гъубж)*

«Вольсбург» (Вольсбург, ФРГ) - ЦСКА (Мэзкуу, УФ)

ФокIадэм и 16 *(бэрэжьей)*

«Динамо» (Киев, Украинэ) - «Рубин» (Къэзан, УФ)

ТIощIрэ етIуанэ джэгугъуэ

ФокIадэм и 18 *(мэрем)*

«Химки» - «Спартак-Налшык»

ФокIадэм и 19 *(щэбэт)*

«Сатурн» - «Спартак»

«Локомотив» - «Москва»

«Ростов» - «Кубань»

ФокIадэм и 20 *(тхьэмахуэ)*

«Томь» - «Рубин»

«Амкар» - «Тэрч»

«Крылья Советов» - «Зенит»

ЦСКА - «Динамо»

ТIощIрэ ещанэ джэгугъуэ

ФокIадэм и 26 *(щэбэт)*

«Зенит» - ЦСКА

«Рубин» - «Амкар»

«Динамо» - «Сатурн»

«Москва» - «Химки»

ФокIадэм и 27 *(тхьэмахуэ)*

«Кубань» - «Крылья Советов»

«Спартак-Налшык» - «Ростов»

«Тэрч» - «Локомотив»

«Спартак» - «Томь»

Чемпионхэм я лигэ

Гуп зэхьэзэхуэ.

ЕтIуанэ джэгугъуэ

ФокIадэм и 29 *(гъубж)*

«Рубин» (Къэзан, УФ) - «Интер» (Милан, Италие)

ФокIадэм и 30 *(бэрэжьей)*

ЦСКА (Мэзкуу, УФ) - «Бешикташ» (Бешикташ, Тырку)

ЩIалэгъуалэм заужьынымкIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм яхузэфIэкIынур

●Iуэху еплъыкIэ

ЩIалэгъуалэм езыр-езыру заужьыфынукъым, ахэр зэрыхъунур куэдкIэ елъытащ къэралым щытепщэ политикэ, экономикэ Iуэхугъуэхэм. Абы къыхэкIыу, щIалэгъуалэ Iуэхур сытым дежи япэ игъэщыпхъэ, гу нэхъ зылъытапхъэхэм ящыщщ. Зэрыт лъагъущи, щIалэгъуалэ Iуэхум ехьэлIа ныкъусаныгъэхэр къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм епхащ икIи ахэращ лъабжьэ яхуэхъур «адэхэмрэ» «бынхэмрэ» зэгурымыIуэж хъуным.

Коммунист идеологием и гъусэу кIуэдыжащ хьэл-щэн дахэ куэд, цIыхугъэмрэ гъэсэныгъэмрэ щIэблэм яхэлъхьэным теухуауэ зыIэрыдгъэхьа ехъулIэныгъэхэр IэщIыб тщIыжащ. Адэжьхэм къащIэна фIыр тIэщIэхуащ, нобэрей махуэм къыздихьын хуея щIэр къытхуэщтакъым. Ар псоми ящIэ икIи куэд топсэлъыхь, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы щхьэкIэ зыми зихъуэжыркъым.

ЩIалэгъуалэ Iуэхум теухуауэ къэралым и политикэр зыхуэунэтIар гъэсэныгъэракъым, атIэ я щыIэкIэ-псэукIэмрэ зыгъэпсэхугъуэмрэ къахузэгъэпэщынырщ. Нэгъуэщ Iу жыпIэмэ, я ныбэращ япэ ирагъэщыр, армыхъумэ я псэр, Iэпкълъэпкъыр псыхьынракъым.

Зыгуэр егупсысу пIэрэ нобэрей щIалэгъуалэм, къыдэкIуэтей щIэблэм илъэс зыбжанэкIэ ди гъащIэмрэ Урысейм и къэкIуэнумрэ я IэмыщIэ зэрихуэнум?! Къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, щIалэгъуалэм и нэхъыбапIэр политикэ Iуэхум зыкIи хуеплъэкIыркъым. ЩIэблэм щыщу процент 33-ращ политикэм хэлэжьыхьыну гукъыдэж зиIэр. КъытщIэхъуэ щIэблэм щыщу нобэкIэ проценти 2,7-ращ цIыхубэ зэгухьэныгъэхэм жыджэру хэтыр, хэлэжьыхьыр, пщэдейм иджыпсту щыщIэдзауэ зыхуэзыгъэхьэзырыр. Апхуэдэ щытыкIэм иригузавэу, США-м къэрал программэ къызэригъэпэщащ, щIалэгъуалэр политикэ Iуэхухэм хэшэным, дегъэхьэхыным теухуауэ. Дэ абы иджыри гулъытэ хуэтщIкъым. Ди политикэ партхэр зыпылъыр щIалэгъуалэм ехьэлIа Iуэхухэр къэралым къалэн щыщIынырщ.

Апхуэдэу, щIэблэм зиужьынымкIэ, политикэм, къэралым щекIуэкI Iуэхухэм жыджэру къыхэшэнымкIэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэми я къалэнхэр нэсу ягъэзащIэркъым. Совет Союзыр зэрыщэщжрэ пионер, комсомол зэгухьэныгъэ щыIахэм я пIэм иувэн къэунэхуакъым. Араши, щхьэрыутIыпщ хъуауэ уэрамым дэт щIалэгъуалэр щIэпхъаджащIэ мэхъу. Псом хуэмыдэжу хохъуэр зеиншэхэм я бжыгъэм. Зэгухьэныгъэхэмрэ къэрал IуэхущIапIэхэмрэ я лэжьэкIэр мыхьэнэншэщ, апхуэдэ къалэным щIэныгъэкIэ, зэфIэкIкIэ пэлъэщын лэжьакIуэхэр яIэкъыми. Зыгуэр ящIэпэнуми, ахъшэ яIэкъыми, щIалэгъуалэр къыдахьэхыфкъым.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щIалэгъуалэ Iуэхур гъэкIуэтэнымкIэ профсоюзхэм я зэфIэкIри мащIэ дыдэщ. Уэ къыпфIэмыIуэхур нэгъуэщIым ипхъуэтэнущ. Арагц ди гупысэмрэ дуней тетыкIэмрэ зыкIи къытемыхуэ идеологием ди утыкур щIиубыдыфар. Ахъшэшхуэ зэуэ къэлэжьынымрэ ар нэгузегъэужьым тегъэкIуэдэнымрэщ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэр. ЩIалэгъуалэр уцIэпIынымкIэ телевиденэм нэхъ Iэщэ лъэрызехьэ къыпхуэгъуэтынкъым. Телевиденэм и къалэн нэхъыщхьэр щIалэгъуалэр фIым хуэущииныр, хэкупсэу къэгъэхъуныр, къэралым ифI зыхэлъым телэжьэнымкIэ щапхъэгъэлъагъуэу щытыныр. Ауэ нобэрей нэгузыужь шоухэмрэ «фабрикэ звезд»-хэмрэ дызыхуашэр нэрылъагъущ: щIалэгъуалэр щэнхабзэм, гъуазджэм, цIыхум и ехъулIэныгъэхэм, щIэныгъэмрэ техникэмрэ здынэсам щыгъуазэ щIыным и пIэкIэ, телевиденэр щыкIэншагъэмрэ хьэлыншагъэмрэ я «щIэныгъалъэ» хъуащ.

ЩIалэгъуалэ узыншэ диIэнымкIэ къэралым и пщэм къыдэхуэ къалэныр инщ: абы игъэбелджылын икIи мылъкуи хилъхьэн хуейщ еджапIэ нэхъыщхьэхэм, телевиденэм, театрхэм, къинэмыщI IуэхущIапIэхэм щIалэгъуалэр гъуэгу захуэ тезыгъэувэн лэжьыгъэу ящIапхъэр.

ИтIанэ, нэгъуэщI зы Iуэхугъуи щыIэщ, щIалэгъуалэр тIэщIигъэкIыу - ар щIэныгъэ, лэжьапIэ зэгъэгъуэтыным ехьэлIа ныкъусаныгъэхэм къыхэкIыу, хамэ къэралхэм зэрыIэпхъуэращ. Нэхъ гузэвэгъуэжыр, абыхэм къызэрамыгъэзэжыххэр, хэкумкIэ къызэремыплъэкIыжххэрщ.

Апхуэдэу щIалэгъуалэм лъакъуэпэщIэдз хуэзыщIу иджыри зы Iуэхугъуэ щыIэщ. Ар терроризмэм, экстремизмэм, лъэпкъ зэхэгъэжым зэрызаубгъэурщ. ГъащIэм и «фIыщIагъэ» псори зэуэ щIалэгъуалэм щытегуплIэкIэ, псы уэрым ирихьэжьам хуэдэу, ирехьэх.

2009 гъэр щIалэгъуалэм и илъэсу ягъэуващ. Ар сэбэп хъуащ щIалэгъуалэм гулъытэ игъуэтын зэрыхуейр къыдгурыIуэнымкIэ, щIэблэ лъэщ зимыIэ цIыхубэм, къэралым гугъэ лъэпкъ къызэрыхуэмынэжыр къыдгурыIуэнымкIэ. Иджы нэхъыщхьэр а гупсысэм зедгъэшэщIынырщ, илъэс куэдым тещIыхьа лэжьыгъэ дгъэбелджылынырщ.

ТАУ Пщыкъан.

КъБР-м и профсоюзхэм я Федерацэм и тхьэмадэм, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэтым, абы и зэIущIэм къыщипсэлъам щыщщ.

Уасэшхуэ щIэттащ дэ а зауэм

●Дэ къытхуатх

ЗАУЭ ШЫНАГЪУЭМ игъэуфIыцIа сабиигъуэ: шынагъуэ, нэпс, щIыIэ, мэжэщIалIэ... Илъэси 6 ныбжь фIэкI зимыIэ сабийм «зауэ» псалъэр 1941 гъэм къыгурыIуащтэкъым. КъыгурыIуэр зыщ - цIыхухъухэр зауэм щыдагъэкIкIэ, цIыхубзхэр мэгъуэг, иужькIэ, тхылъымпIэ кIапэ къахуокIуэри, гуIэм щIедзэ. ПсалъэщIэ гуэрхэри, хуэм-хуэмурэ, къыбощIэ – «щхьэкIуэ», псалъэм папщIэ. Ар зэ зы унагъуэм хуокIуэ, етIуанэм... ИтIанэ псори магъ.

Ди унагъуэри IэщIэкIатэкъым а псалъэ шынагъуэжьым. Мыхьэмэт зэрыщымыIэжымкIэ, ди адэшхуэм щхьэкIуэ къыхуагъэкIуат. Ди анэшхуэм ар занщIэу кърагъэщIакъым, ауэ, егупсысыжри, хамэм къыжриIэ нэхърэ нэхъыфIщ жаIэри, къыгурагъэIуащ.

Зи къуиплI зауэм зыгъэкIуа Тасэ нанэ (Саупхъан) «УрысеищIым си бынхэр щытепхъауэ, щокIуэдыж», - жиIэурэ, Мыхьэмэт игъеижырт.

...Мыхьэмэт икъукIэ щIалэ теплъафIэт, лъагъугъуафIэт, щIыкIафIэт. 1930 гъэхэм Мыхьэмэт и къуэш Рэмэзанрэ я шыпхъуэу Мэрал, Жангулэз, Марьянэ сымэрэ зэщIыгъуу къуажэ школым егъэджакIуэу щылэжьащ. Кхъухьлъатэзехуэу еджэну Мыхьэмэт УрысеймкIэ щыкIуам, апхуэдизкIэ къуэфIт,

Мыхьэмэт

Клавдие

дэлъхуфIти, ахъшэ, тхылъ, сурэттех, лъакъуэрыгъажэ, и шынэхъыщIэхэмрэ и шыпхъу цIыкIухэмрэ зэригъэгуфIэн фэилъхьэгъуэхэр къахуригъэхьырт, адэ-анэм защIигъакъуэрт.

Мыхьэмэт хуэдэ щауэхэр уэрамым щрикIуэкIэ, блэкIхэр къызоплъэкIыж. Ар икъукIэ щIалэ дахэт, зыIэщIэлът, нэкъуэлэнрэ нэхутхьэхуу, щхьэц фIыцIафэу, езыр лъагэу... ЕджакIуэ пщащэхэр апхуэдэ щIалэ къуданым хьэщыкъ щыхуэхъу къэхъурт.

Си адэ къуэшыр иужь дыдэ щыслъэгъуар 1940 гъэращ. Дзэ кхъухьлъатэзехуэм и фащэр щыщыгъкIэ, нэхъри лъагъугъуафIэ хъурт Мыхьэмэт. И щхьэгъусэ Клавдие щыгъуу къэкIуэжу, щалъхуа жылэжь щыхьэщIэн мурад яIэу, зауэр къэхъейри, псори IэщIиудащ - япэ махуэхэм щыщIэдзауэ, зэщхьэгъусэхэр хэкур зыхъумэхэм яхэту зауэм кIуащ. Адэ къуэшыр къалащхьэм и Iэшэлъашэм 1942 гъэм щаукIауэ щытащ. Мыхьэмэт зэрыса кхъухьлъатэр кърадыхати, губгъуэм къыщетIысэхащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, абы лагъымхэр къыщегъэтIылъэкIат. Кхъухьлъатэр апхуэдэ зы Iэщэ гуащIэм лъэIэсри... Арагц Клавдие къитхауэ щытар.

Москва деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм теухуауэ телефильмхэр къыщагъэлъагъуэкIэ, абы хэт кхъухьлъатэхэм ящыщ зым си адэ къуэш хахуэр ису къысщохъу.

Клавдие тхьэIухуди авиацием къулыкъу щищIащ – уэгум итхэмрэ щIылъэм щыIэхэмрэ зэпищIэу, ар щылэжьащ аэродромым. Ди адэшхуэм ар кърригъэблэгъэну, игъэхьэщIэну хузэфIэкIакъым, нанэ и гум телъ уIэгъэхэр я узыр нэхъри кърригъэблынкIэ шынащ. А уIэгъэхэр мыкIыжурэ, и къуищыр мыпсэужу и фIэщ хуэмыщIурэ нанэ дунейм ехыжащ.

Сыт хуэдиз хьурэ апхуэдэ цIыху телъыджэу, дахэу, щIыкIафIэу зауэ гущIэгъуншэжьым ихьар?! Дэ къытхуэнэжар абыхэм епха гукъэкIыж IэфIхэрщ, щIэблэм ахэр я щапхъэу къэдгъэтэджыныргц. Зэи тщыгъупщэ хъунукъым къэралым и щхьэхуитыныгъэм зи псэ щIэзыта цIыхухэр...

КIЭФО Сталинэт.

Налшык къалэ.

Гукъыдэж зиIэ псори ирагъэблагъэ

ЦIыхухъу командэхэм стритболымкIэ пашэныгъэр къэхьынымкIэ я зэпеуэ «Нарт» хьэщIэщым и спорт утым фокIадэм и 6-м щекIуэкIынущ.

Я ныбжьым емылъытауэ, зыкъэзыгъэлъэгъуэну, зэпеуэм еплъыну гукъыдэж зиIэ псори ирагъэблагъэ. Зэхьэзэхуэм хэтын папщIэ, пщэдджыжьым сыхьэти 9-м деж зегъэтхын хуейщ. Абы хагъэхьэнущ зи закъуэхэри цIыхуи 4-5 зыхэт гупхэри.

СОКЪУР Астемыр.

МАФIЭДЗ Сэрэбий

Шыдыгъу

(КIэухыр. ПэщIэдзэр №№160-163, 166-хэм итщ).

-Напэр-щэ?

-Мысост, иджыпсту, уэрэ сэрэ дэ уэгъу дызэхуэхъунукъым. Уи лъыжь стелъкъым, си лъыжь птелъкъым. Ауэ, ухуеймэ...

-Уа сыт къевгъэжьа гуэрыр? НэгъуэщI мыхъуми фыукIытэ...

-Хъунщ, хъунщ, Жанхъуэт, унэхъыжьщ, жыпIэр унафэщ... А напэр аракъэ псори уэзыгъащIэр. Е напэ, е лIыгъэ, е мылъку. НэгъуэщI сыт щыIэ? Зыри, хьэуэ, уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, Жанхъуэт, цIыхубзи... Ари щыIэщ. Аращ, слIо нэгъуэщI? ЦIыхум, лIым гъэунэхукIэ Iэджэ иIэщ. Ар япэр мылъкущ, итIанэ цIыхубзщ. А тIум ямыгъэудэфар, адэкIэ макIуэ. Ар щIыхьщ, пщIэщ. ЩIыхьрэ пщIэрэ къызэрахьыр лIыгъэщ, Мысост, умыщIэмэ, зэгъащIэ.

-Берычэт бесын, - жиIащ Мысост ауану и пащIэкIэ щIэгуфIыкIри.

-Аращ, атIэ, си бжьыр зыдыгъуа. Ар зэгъащIэ. Сэ тхьэгъэпцI сымыхъун щхьэкIэ, Жанхъуэт и шыр сыт зыIэрыгъэхьэкIэ хъуами зыIэрызгъэхьэнут. Ауэ зыгуэр си япэ къищащ. Е нэхъ Iумахуэщ, е нэхъ Iэзэщ. Иджы тхьэгъэпцI сымыхъун щхьэкIэ сэри си IэщIагъэм, мис фыщыхьэтщ, сыкъыпэрыкIынщ. Нобэр си акIэ упсыж ирехъу. Мо шитI фIэ дзапIэм кIэрытхэри зейм яшэжынщ. Ахэр зыкIэ гуфIэнухэщи Жанхъуэт и шыр сэ къызэрызмыдыгъуфам щхьэкIэ, ей-и! Аращ, лIыгъэм хуэфащэ пщIэ хуэщIын хуейщ, тхьэ хужыIэу жысIэнщи, уи жагъуэ умыщIар, Жанхъуэт, а уи шыр уэ нэхъри сэ нэхъри а зыдыгъуам нэхъ хуэфащэщ. Зыумысыжын хуейщ. СлIо уэ уи гугъэр, гъэмахуэ жэщыр зы жеипэ фIэкIа щымыхъум а уи пцIэгъуэплъым и хъумэкIэр и хъумэкIэу, ар къэбдыгъуу тхьэмахуэ зэхуаку псокIэ щIэбгъэнэн жыхуэпIэр... Тхьэуэ сыкъэзыгъэщIа, а шыр сэ сысейуэ щытамэ, и анэ зригъэфа быдзышэ хужьу хьэлэл хуэзмыщIтэмэ, иджыпсту къыдишэу къызитыжами. Ауэ щыхъукIэ, Жанхъуэт, уи щхьэр иумыхьэх, уэ къозыкуам лIыгъэ иIэщ. Ар сэ бжызоIэ. ИгъащIэм а зы Iуэхум фIэкIа имылэжьами, абы афэрым хуэфащэщ. Ар къэлъытапхъэщ, лIыгъэр лIыгъэщ, яужь зэманым зыкъомым гъащIэр жыпрэ гуфIакIэкIэ япщу щIадзами. ГъащIэм и пщалъэр напэрэ лIыгъэрэщ. ИкIи сохъуапсэ лIыгъэ зыхэлъ Iуэху дахэу зэфIэзыгъэкIыфым. ЛIыгъэр дамэ Iейкъым. ЖыпIэ хъунщ: абы и дамэм хуэдэ сэ щхьэ стемытрэ? Ауэ апхуэдэм ухущIэджэ хъунукъым. Жанхъуэт. СлIо уэ къыпщыщIар? Шыдыгъухэм укъытхущIэджэри уи шыр хэплъхьащ. Шыдыгъухэм хьэкъ-къуэды ягъэувауэ аракъым. Тхьэ уэ нобэ дызэзыгъэпсалъэ Iэджэми къызжаIащ, Iэджэми къызатыну си яужь къитащ, ауэ иджы къыздэсым зы цIыхум лъэпхъуамбыщIэ къеIызмыхауэ. Ар пэжт, Жанхъуэт, а уэ жыхуэпIа шыдыгъур мыпсэзэпылъхьэпIэтэмэ, мылIыгъэзэхэгъэкIыпIэтэм. Иджыри аращ, уегуакIуэмэ, си гугъэр: сэ сымыцIыху гуэрым ауэ «си пыIэр яхуэгъэтIысащ» - жыхуэпIар зэхихыу уэри дэри дигъэунэхуауэ. Плъагъункъэ зыгъэ-зызэман и кIапэ къыдридзеймэ.

-Тхьэр игъэпцIащ атIэ зыщIэм, - жиIащ Жанхъуэт, къэтэджыжурэ. Мысости зыкъиIэтыжащ. Темыркъан кърыгъэкIуэкIа къомым хэплъэжурэ абы иджы и фIэщ дыдэ хъуат шыдыгъум яужь дыдэу къыщагъэгубжьам жиIауэ жыхуаIэ псалъэхэр: «Жанхъуэт зэфэну псыр къызэрыжэнур бжьыхьэ зекIуэ ищIыну и пцIэгъуэплъым шэсу дэкIыхукIэщ».

-Хьэмырзэ щхьэкIэ хашэ сиIэщ, - жиIащ ауэ сытми Жанхъуэт гуэрым.

-Ар къысщыгъупщати. Зэхэсхащ ари. Жанхъуэт, ар пщIэну щыткъым. Сэ апхуэдэ Iэджэм сарихьэлIащ. Хьэмырзэ ар къыуищIэфынкIи хъунущ. Ар Iэшмэкъу гуу, хэвыхь у, дэпсэлъейуэ плъагъу щхьэкIэ, бзаджэнущ. Ар щIыжысIэр укъигъэуIэбжьу, игъащIэкIэ хуомыгъэфэщэну Iуэху илэжьыфу щытащи аращ. Сегупсысыжати, абы гъэщIэгъуэну хэлъри - къащIэмэ, гушыIа нэхъей трелъэфэжыф, къамыщIакъэ, абы щыгъуэ упыкIащ, зэкIэщIиупщIащ.

А щIыкIэм тету Хьэмырзэ и кIэным зиIубащ. Ар зэрублэрэкIыпар нэхъри белджылы щыхъуар Мысост Жанхъуэт еупщIа иужькIэщ:

-Догуэ, Хьэмырзэ щхьэкIэ а Темыркъан жиIар уи фIэщ хъуа?

-Сэ нэгъуэщI къысхуэнэжакъым, Мысост. Темыркъану си гум шэч ищIырти, аракъым. Сэ сыпщкъым, дыщыуати жаIэу си шыр къысхуашэ жыну. Хьэмырзэщ сэ хашэ щIызиIэр. Зыкъиумысыжрэ, си пцIэгъуэплъыр здашам, зрихъуэжам и лъагъуэ сытригъэхьэрэ, сигу щIэгъунщ, сетхьэкъункъым.

-Арыншэмэ-щэ?

-Ар мыхъумэ, хеящIэ, мэхьчэмэ, ефэнды щыIэщ, абы я Iуэхущ.

-Сыт щхьэкIэ, пащтыхьышхуэм суд щIапIэ...

-А-а, псори аращ. Я бэлыхь дэни хаIуну хьэзырщ. Ауэ щыхъукIи а урыс судым зыпызыщIауэ къызэрыкIаIа иджыри срихьэлIакъым. Зэры-фIыр аращ: хэлъхьэрэ Iулъхьэрэ.

-Апхуэдэу жомыIэ, Жанхъуэт. Абы, псалъэм и хьэтыркIэ, Хьэмырзэ хузогъэфащэ жыпIэкIэ Iуэху къаIэтынукъым, тэмэм дыдэу ящIэн хуейщ...

-Ар тэмэм дыдэу сщIэмэ, хеящIэ суди зэрызбгъэщIыжынур сыт? Тхьэр згъэпцIащ, и кърмакъейр субыдынщи къыжьэдзэмыгъэпкIыжмэ.

Мысост Жанхъуэт фIыуэ илъагъурт, ауэ абы фIыуэ илъагъур мы иджыпстурей Жанхъуэтыртэкъым, атIэ лIы губзыгъэ, лIы зэтес, гупсысэ гъэтIыса зиIэт. Иджыпсту Жанхъуэт зэзыгъэкIуэкIагъэнур Темыркъан чэфым къиужьыгъа къомыр арагъэнут е и шыр IэщIэкIыпауэ Жанхъуэт къызэрилъытагъэнурт. Мы тхьэмахуэ зэхуакум, Темыркъан и деж къэмыкIуэху, ар зыгуэрым щыгугъам шэч хэльтэкъым. Иджы а гугъэ налъэ цIыкIури зэпычащ. ЛIы зи напэ трахам, зиш зыфIадыгъуам нэгъуэщI къыхуэнэжыркъым лажьэ псори Хьэмырзэ тригъащIэу къикIыр кърырекI жиIэу, абы и пэщхъыным лъы пцIар кърыригъэхуныр мыхъум. Ар нэхъ тэмэму къелъытэ Жанхъуэт, «зыдыгъуар имыщIэу и шыр фIашхащ», - къыхужаIэ нэхърэ.

-Уа, Жанхъуэт, пэж дыдэу къызжыIэт, уи фIэщ хъурэ уи шыр Хьэмырзэ идыгъуу ихъуэжауэ? - къытригъэзэжащ Мысост гуэрым.

-НытIэ, - зэгуэпауэ жиIащ Жанхъуэт, ар и фIэщ зэрымыхъум зызэрихъунщIэр, и щытыкIэр щыхьэт техъуэу. Мысост нэгъуэщI зыгуэри жиIэну и жьэ къэсат, ауэ Жанхъуэт псэлъэну зэрыхуэмейр къригъэлъагъуэу шы зытесым щIопщ уэгъуэ хьэлъэ ирихри иригъэлъащ, и зэгуэп псомкIи къуаншэр зибг ис алащэр ара хуэдэ. Жанхъуэт, пэж дыдэу, цIыкIуфэкIуу зэгуэпыртэкъым. Ем къихуа ар мы Темыркъан и дежи. Махъсымэжь зэрыта чейуэ, джэдкъазым хуракIутами ямышхыжу щIэлъ фIэIурымейр къызыкIэрицэцыкIым псалъэ къыпысхынщ, жиIэри къэкIуащ. Делагъэм делагъэ къешэ. Абы фIэкIа шэрей зимыIэм адыгагъэмрэ цIыхугъэмрэ, лIыгъэмрэ напэмрэ зищIысхэм щхьэкIэ Жанхъуэт уаз къриту иджыри къэс бгъэдэсащ. Иджы аргуэрыжьщи, Мысост йодаIуэ, абы шыбгъэ зыкърырегъалъхьэ. ЕмыкIукъэ а псори? ЕмыкIущ, Жанхъуэт и щхьэ хуимыгъэфэщэ жу. Уиш, узытес уи уанэш пфIадыгъуауэ. Ари къыпхуэмыгъуэтыжу, и лъэужьыр гъуэщыжауэ. Дыгъужьыжьым ишхыжамэ, нэхъыфIти а пцIэгъуэплъыр, ар Хьэмырзэ зэрихъуэжауэ жыхуаIэ фаджэмкIэ яхъуэжащ, жаIэу и хъыбар Iу нэхърэ. Щымыхъужыххэми езы Жанхъуэт и напэри текI нэхърэ нэхъыфIщ «и шыр щIэнакъым, ауэ зыIэщIэкIуэда напэншэм зарыгъэумысакъым», - жаIэмэ. А Хьэмырзи, Хьэмырзэ-шыдыгъу. Бет эмал, ари. КъакIуэрэ уи ерыскъы ишхыу, къытригъазэрэ, уи шыр пкIэщIишу. Гуэныхь трилъхьэмэ-щэ? Мы Хьэмырзэ дауэ хъуну? Сыт щхьэкIэ хашэр, Джэрпэджэж бгъуэнщIагъыжьыр... Хэзэрыхьат Жанхъуэт Iуэхум. Ауэ ар си щхьэ кърикIуащ, жиIэу зыхуигъэфэщэжыну игу техуэркъым. АдыгэлIым иш фIэкIуэдамэ, псори фIэкIуэдащ.

* * *

КЪУЛЪШЫКЪУШХУЭ нэсауэ мэхьчэмэ судым хэтхэр, ХьэжылантIэ ефэндыр я пашэу, Жанхъуэт и хьэщIэщым щIыхьащ. Япэм, гъэмахуэу, зыгуэр хейрэ мысэу зэхагъэкIыну, псы Iу фэм Iут дзэлыжьищым я лъабжьэм щызэхуэсхэрт, арат хейщIапIэу яIэр. ЖаIэрт а жыгыжьищыр цIыхум тхьэ имыгъэпцIын, Iуэхур зэрыщытыр пэжу къиIуэтэжыным сэбэп хуэхъуу. ИкIи къуажэм зи лъэ вакъэ изылъхьэр нэху зэрыщрэ абы щыпэкIурт, Хьэмырзэ и тхьэIуэкIэм едэIуэну; нэхъ тэмэмыIуэу жыпIэмэ, ини цIыкIуи къыщIызэхуэсар Хьэмырзэ, Зулий тхьэмыщкIэм ещхьу ХьэжылантIэ цIэ кърыгъэтынущ, Жанхъуэт и пцIэгъуэплъыр зрихъуэжар кърыгъэIуэтэнущ, жаIэри арат. Ар куэд щIауэ цIыхум хъыбару яхэлът, Хьэмырзэ е цIэ къитынущ, е абы и IуфакIэр уэркъ ябгэм и пхъум и быдзыщхьитIыр зэригъэлам ещхьу IурагъэжьыкIынущ, жаIэри. Я щхьэ къэмысамэ, лъыпэр, абы щыщтэу, щышынэу защIми, зыфIэгъэщIэгъуэныр сыт щыгъуи мащIэкъым. ИкIи жылэдэсыр нэхъри щIэпэкIур, щIэетар адыгэхэм жылэр къыщIэплъу чищэ еуэу, уIэгъэ традзэу хеящIэм зэрамыIэрт, лIыр апхуэдэ IуэхукIэ зэрамыгъэпудырт, абы сыт хуэдэ къуаншагъэ бгъэдэмылъами.

Иджы къамыублэ щыIэкъым. КъыщаублэкIэ, ари хабзэ хъуну къыщIэкIынщ. Ар япэу зрихьэлIари плъагъуркъэ - Хьэмырзэ. НэгъуэщI зыгуэру щытамэ, цIэ къебгъэтын дэнэ къыщына, уи нэвагъуэр уигъэлъагъужынкIэ хъунут, уи Iэбжьанэ лъабжьэм пхъэласкIэ щIэсIунущ, жыпIэрэ убгъэдыхьэмэ. Хьэмырзэ сыт, къэрабгъэжь мыгъуэщ, къытралъхьэр и хьэлъэщ. Иджы цIыхубзхэм ещхьу цIыхухъухэми цIэ кърагъэту Хьэмырзэ и деж къыщыщIадзэмэ, аргуэрыр ежьащ. Дапщэщ къыслъысын, жыIи зызэхуэпшэу щыс. Адыгэ дунейм къытенэжыркъым. Ар дауэ? ГъущI гъэплъа, дамыгъэ, нэпкъыжьэ, Iэджэми Iэджэу кърагъэкIуэкI мы Хьэмырзэжь мыгъуэм и Iуэхур. Iэщ, былым хъуа тхьэмыщкIэр? Езы Жанхъуэти адыгагъэ лъэпкъ бгъэдэлъыжкъэ? Хьэмырзэ Iэпхлъэпх умыщIауэ апхуэдэ лей зылъигъэсыну пIэрэ? Абы иужькIэ ар дауэ зэрыпсэужынур? Езыр къэгъани, и лъэпкъым сытыр я напэу дунейм тетыну? Я лIахэм сыт жиIэу ябгъэдыхьэжыну?

А псор зыгъэхъыбар, зэрыгъэчэнджэщ цIыхум итIанэми фIэгъэщIэгъуэнщ къэхъуну зыпэплъэр. Псом хуэмыдэу фызхэр Iугъэлыгъэ Iейуэ псалъэрт, жаIэрт Хьэмырзэжь мыгъуэм и нэкIум имыплъэфыну, абы щыгъуэми нэхъыбэ къызэхуэс мыхъумэ, къэкIуахэр зэбгрыкIыжыртэкъым. Сабийхэр жыг щхьэкIэхэм фIэтIысхьат, балигъхэм зэрыхуагъэфащэкIэ нэхъ увыпIэфIу ялъытэм пэIэщIэ защIыртэкъым, хеящIэхэр я пIэ зэризагъэу жэуэ псори ялъагъун хуэдэу увыну. Апхуэдэурэ цIыхум дзэлыжьищыр зэрыт щIыпIэр къауфэрэзыхьырт, джэд жьей ещэу уэгум ит бгъэжь къэухьышхуэ дыдэ езымытым ещхьу. Языныкъуэхэми жаIэрт дзэлыжьищым и щхьэIуэкIэ щагъэс куэншыбым ауэ сытми мафIэ щIамыдзауэ, ар ХьэжылантIэ и унафэу.

Дауи жылэдэсыр имыгъэлъэгу ажьыкIынрэт. Хьэмырзэ мазэ еным щIигъу пIальэу иратат Жанхъуэт и шыр зрихъуэжам и цIэр къимыIуатэм, абы кърикIуэнум егупсысыну. Шыр къимыдыгъуауэ щиукъуэдийкIэ, я лъэпкъым цIыхухъу балигъыу исыр тхьэрыIуэ щыхьэту къреув. ИтIанэ абы и цIэкIэ къуажэм мор нэхъ лIыфIщ, жахуаIэу тIу къыдырыреши абы хеящIэм я пащхьэ тхьэ щраIуэ Хьэмырзэ Жанхъуэт и шыр къимыдыгъуауэ. АрщхьэкIэ Хьэмырзэ къыщхьэщыжыну, абы щхьэкIэ тхьэ иIуэну жылэм къыдэкIар Мысост и закъуэщ. Абыи ХьэжылантIэ дзы гуэрхэр къыхуигъуэтри пригъэхащ. Ар гугъу ХьэжылантIэ и дежкIэ. Япэ щIыкIэ абы жиIащ, зи лIакъуибгъу зымыщIэж, къэзымыбжыф тхьэрыIуэ щыхьэт мыхъуну. Мысост лъхукъуэщо унагъуэ зэрыхъурэ куэд зэрымыщIам щхьэкIэ ищIэу къыщIэкIынкъым, жиIауэ арат. АрщхьэкIэ апхуэдэ адыгэ хабзэ зэрыщыIэм щыгъуазэ Мысост зэфIэмынэу кърибжэкIащ и блэкIа, дунейм ехыжахэм я цIэр. Нэхъыжь щытхэри абы щыхьэт техъуэжащ. ИтIанэ ХьэжылантIэ къыхилъхьащ Мысост джаурхэм япыщIауэ, абы я деж щыхьэщIэу, нэщIрэ нэмэзрэ кърымыдзэу зэрыщытыр. Абы лIыжьхэми езы Мысости зыри падзыжыфакъым. Арати, Мысост и тхьэрыIуэм къимыкIIауэ къыщIригъэдзащ ХьэжылантIэ. Ар зыкIи Хьэмырзэ къыщхьэщыжыфакъым, цIыхухэр игъэшынэу ефэндым едэуами.

Зи гур шынагъэм имыутIыпщ жылэдэсхэр заIэтурэ IукIыжырт, уеблэмэ, а Мысост ефэндым щедэуа махуэм. ХьэжылантIэ жиIэрт гъейри, емынэри, тэлори цIыхум езым къиухьэпхъэхьуэ. Дуней былымым дехьэх, шейтIаныр зытрегъакIуэ, адэкIэ къэнэжа щыIэкъыми, диным йобакъуэри аращ. Зым и ягъэр щэм йокI. Апхуэдэ зэманым зыгуэрым папщIэ тхьэрыIуапIэ уихьэн щхьэкIэ куэдым егупсысын хуейщ. НэхъыфI дыдэр уи ныбэ нэщI уи Iэр телъынырщ. Аращ псом нэхърэ нэхъ къабылыр.

Зыгуэрым къыхилъхьащ щIэщыгъуэу Хьэмырзэ цIэ къыщрагъэтым и деж занщIэу чищэ еуэну, ар зыгъэзэщIэнури Ислъамджэрийуэ. Абы цIыхур нэхъри щIигъэстат. Языныкъуэхэм жаIэрт Ислъамджэрийрэ Хьэмырзэрэ зэныбжьэгъужьхэщи Ислъамджэрий хихьэщэнкъым, нэфIэщIу зытришащIэурэ зэфIигъэкIынщ. Адрейхэм ар ядэртэкъым. ЖаIэрт абы Ислъамджэрий зэрызэгуигъэпар зэ къыдэхыжыгъуэу Хьэмырзэ-шыдыгъу и фэм къыдихыжыну. Iэджэми я нэгу къыщIагъэхьэжат зэгуэр, зыгъэ-зызэман жылэм я пащхьэм и деж чищэ зэрыщеуауэ щытар. Тыркъу Iэсчэрт, тэтэр сэмэнт, хьэмэрэ къумыкъут ар, ящIэжыпэртэкъым. Ауэ абы щыгъуи а зауэлI уанэ мыгъуэ тезылъхьам шы къыдыгъуауэ арат. Ари хэт иш жыпIэркъэ? Жанхъуэт и адэшхуэм. Я гугъащ абы щыгъуи и напэ хуигъэфащэу лIы иригъэубыду дауэ чищэ и щIыфэ къыдригъэхын, жаIэри. АрщхьэкIэ аркъудей зэфIэнакъым, и напIи игъэхуэлакъым. Пэж дыдэу, адыгэ лIым и шыр фIадыгъуа иужькIэ гущIэгъу иIэжу къыщIэкIынукъым.

А псом иужькIэ уи нэгу къыщIэгъэхьэжыгъуейкъым хуабэвэхыр щхьэусыгъуэ ищIу мэхьчэмэр Жанхъуэт и хьэщIэщым ХьэжылантIэ зэрихьар цIыхум я жагъуэ зэрыхъуар. ПщIэнтэкъым абы зы бэлыхь яфIэкIуэдауэ, трахауэ фIэкIа. АрщхьэкIэ ХьэжылантIэ жиIар унафэщ, абы пыплъхьэжIа хъунукъым.

ЩIэхыу, жылэр къыщIэплъу, Хьэмырзэ Жанхъуэт и хьэщIэщым къашащ. Кхъэм дэта нэхъей ар бгы упцIэт, къамэ къудей кIэрымылъу. Тэджэлей гъуаб жэжьыр цIыхубз джанэ лалэу теутIыпщхьат. Сыту куэд иIыгъ къамэ-бгырыпхым. Хьэмырзэ зэфIолэл, мыкIуэмытэщ. Абы и цыр уащ. ЦIыхум ягу къэкIар и щхьэ нэса хуэдэ Хьэмырзэ-шыдыгъу и бгырыпхыр залымыгъэкIэ зэщIрагъэтIэтыкIами, и тэджэлей джанэр зэпитхьэлыкI щIыкIэу и IитIыр и шхужьым иригъэуващ. ИкIи абы и теплъэм занщIэу зихъуэжащ, жьы къыщIэуващ, лIэнми лIыгъэ хэлъщ, жиIэ хуэдэ.

Хьэмырзэ хьэщIэщ бжэщхьэIум щебакъуэм, псори щым хъуащ. ХьэжылантIэ и псалъэ гуэрхэр къэIуащ. ЦIыхум «хуэму, фызэрымыгъэкIийт», зэрыжаIэм нэхъри Iэуэлъауэ къиIэт мыхъумэ сэбэп пылътэкъым. ИтIанэ зыгуэр кIиящ:

-ХьэжылантIэ, уи жьэм ущымысхьу нэхъ иныIуэу жыIэ!

ИкIи, пэж дыдэу, хьэщIэщым щIэтхэм я макъыр нэхъ зэхэпх хъуащ. Ислъамджэрийрэ Адэмыррэ къурIэным теIэбэхэри ещыхьэтылIащ Жанхъуэт хашэ зэриIэмкIэ. Хьэмырзэ Джэрпэджэж бгъуэнщIагъыжьым зэрыщилъэгъуар Мысости ибзыщIакъым. ИтIанэ ХьэжылантIэ къэпсэлъащ аргуэру:

-Хьэмырзэ, уэ тхьэ уэзгъаIуэркъым. ПщIа псом ищIыIуэкIэ, тхьэгъэпцI ухъумэ...

- Уа, ефэнды, уа Жанхъуэт, уа жылэ, сывмыгъэунэхъу. АлыхькIи, къурIэнкIи, чытапкIи тхьэ фхуэсIуэнщ сымылъэгъуауэ сэ а шы зи гугъу фщIыр!

-Тобэ, тобэ жыIэ, Iимансыз, Iиман зимыIэ! - кIиящ хьийм икIауэ ХьэжылантIэ. - Уи дэджэгуэгъу уи гугъэж ар. Ы? Уэ шейтIаныр зытекIуар укъызогъанэри, а шыр зымылъэгъуарэ зымыцIыхурэ мы ди жылэми къедзами щыбгъуэтынкъым. Сымылъэгъуа-а! Тобэ къэхьыж, узэгуиудынщ.

Хьэмырзэ-шыдыгъу и Iуэхур езым аргуэру зэIищIэ жат. Жанхъуэт и пцIэгъуэплъыр сымылъэгъуа жыпIэу жылэм ущыщу тхьэ пIуэнри, ХьэжылантIэ и нэкIум менлыр текIыжащ, и щхьэ къуийм ирихам цы къикIэжащ, жыпIэу букъуэдийри зыт. ЦIыхум ар емыкIушхуэ ящIащ, уеблэмэ Хьэмырзэ иджыри къэсыху яфIэгуэныхьу ягу щIэгъуамэ, иджы ар ягъэкъуэншащ. Бжэ дыдэм деж щыт гуэрым бзаджагъэкIэ тхьэ зэраIуэ щIыкIэм и хъыбар къыхидзащ: «Зыгуэрым жэм къыдыгъуауэ зарыгъэумысыртэкъыми, тхьэ ирагъэIуэн хуей хъуат, жи. АтIэ арати, мо хьилэшым и къуэрылъхур къызыхаха гущапIэм захыригъэпхащ, закъыхригъэтIэтыкIыжри кIуащ, жи. ИIэ, атIэ, мы къурIэным IэпхъуамбиплIымкIэ къытеIэби тхьэ къытхуэIуэ, къыщыхагъэзыхьым, мыдрейм тIэкIу зрилъэфыхьщ, зригъэлъэIу хуэдэу ищIщ, теIэбэмэ, зэгуиудынущи мэшынэ, иджыпсту зыкъиумысыжынущ, жаIэурэ щытхэр игъэгугъэри и напIэ къудей мыхуалэу къурIэным теIэбащ, хьэмэрэ нэгъуэщIу, щIэупщIэури жиIащ, жи: «АлыхьымкIи мы къурIэнымкIи тхьэ фхузоIуэ а жэм зи гугъу фщIыр дэнэ къыщына, гущапIэм сыкъызэрыхатIэтыкIрэ зым и джэд къудей къэзмыдыгъуауэ. ПцIы сыупсмэ, яллыхь, мы си пIэм сомыхкIэ». «Арати, тхьэм щызэгуимыудакIэ къидыгъуакъым жаIэри жэмыр яфIишхащ. «Абы тхьэри игъэпцIакъым», - жиIащ зыгуэрым и фIэщыпсу.

А щIыкIэм тету Хьэмырзэ-шыдыгъу и Iуэхур дунеижь хъыбарым, гушыIэм хуэкIуэжащ. Хэт ищIэнт, иджыпсту Хьэмырзэ зы мыгъуагъэ къыщыщIамэ, делэ хъуамэ е и гур зэгуэуду къытехуэу лIамэ, ефэндыми цIыхуми зэрыжаIэнур арат: тхьэгъэпцIти, иIуар къыхуэмыгъуу апхуэдэу хъуащ.

Хьэмырзэ зыгуэрым зрипщытагъэнут, ар ину къэкIиящ:

-Фыкъызбгъэдэмыхьэ, алыхьыр си биякъым зы мыгъуагъ фэзмыщIэмэ!

Ауэ IэпхъуамбэкIэ сытыт абы ищIэфынур, Iэщэ, къамэ къудей иIыгътэкъым. КъурIэнкIэ тхьэ щрагъаIуэкIэ, дурыскъым Iэщэ яIыгъыну. Аращ ХьэжылантIэ псори зыхуигъасэри зыхуиущийри.

-Абы ищIар, абы ищIар, - зэкIэлъагъэпIащIэу жаIащ бжэм пэгъунэгъухэм.

-Сыт? Сыт ищIар, ей? - нэхъ жыжьэ щытхэр къытричу, лъапэпцIийй зыздащIым, щIоупщIэ. Хьэмырзэ тхьэмыщкIэм, сокIуэдри сокIуэд, жиIа, пхъуэри ХьэжылантIэ и Iэлъэныкъуэ башыр къыIэщIиудащ, ар ефэндым трешащIэ, ауэ хьэджысэ папцIэу башым икI ефэндым къыIэщIэнам ар къызэтригъэувыIэри щэIуу етIысэхащ.

-Уа, ХьэжылантIэ и башым и кIуэцIым хьэджысэ илъу къыздрехьэкI, - игъэщIэгъуащ зым.

-АтIэ ар пхуэбэлэрыгъын уигугъэрэ? Апхуэдэ Iэджэм Iуа къуийщ ар, - жиIащ адрейм.

-Мис иджыщ, - и IитIыр зыр зым дилъэу къопсалъэ бжэм пэгъунэгъур. ИкIи умывэмэ, укъигъэчэну гуIэ макъ къэIуащ: «Уэуэу, мыгъуэ!» Къэхъуар дахэ-дахэу къахуэмыщIэу ХьэжылантIэ пхэщIыщхьэкIэ тIысу хьэщIэщым къыщIэлъэтащ. Ар Мысост къигъэпъеяуэ арат. И фэр шэхум хуэдэу пыкIауэ Мысост Жанхъуэт зыхуигъэзащ:

-Жанхъуэт, уи шыр къэзыдыгъуар сэращ, ауэ мо лъы фIей напи Iупи зимыIэхэм, - Мысост и нитIыр бзаджэу ХьэжылантIэ телындащ, - мы Хьэмырзэ тхьэмыщкIэ тралъхьа бэлыхь лажьэр трезгъэлъхьэну аратэкъым къыщIэздыгъуар. АтIэ нэгъуэщIщ. Сэ ар иджыпсту тэмэм дыдэу бжесIэфынукъым, ауэ мы ди зэхэтыкIэр ди зэхэтыкIэмэ...

-Алыхьыр си биякъым мы жылэр щыхьэту уи кIуэцIыр къизмыгъэхумэ, - ХьэжылантIэ Iэкъуэшакъуэу къызэфIэувэжри зыми ямылъагъуу зэрихьэ, нетIэ Хьэмырзэ хэIущIыIу къищIа хьэджысэр и башым кърыгъэльэтри екIэпцIэ пхъафэ зытригъэныщкIуэу шэхъуампцIэ фIыуэ зыщахуэжам ещхь абы и менлы нэкIур нэхъри уфIыцIауэ шынагъуэу Мысост хуэкIуэу ежьат, арщхьэкIэ лъхукъуэщо гупым кIуэцIрамыгъэкIыжу ягъэлъэпэрапэри аргуэру джэлащ.

-Уи, алыхьым къиукIынхэ, сывоукIри, ар фэ къыфхуэгъункъым. Къыпхуэгъункъым ар уэ, ХьэщIэхуэфI и къуэ никъуэделэжь, къыпхуэгъункъым. Алыхьыр шы щIакъуэ тесми къыплъэщIыхьэнщ, джаур фасикъыжь. УмыпIащIэ уэ мыдэ, умыпIащIэ, - ХьэжылантIэ гъумэтIымэу здэщылъым зыри едаIуэртэкъым. Псоми яфIэгъэщIэгъуэнт Мысост Жанхъуэт и шыр къызэридыгъуа щIыкIэр.

-Жанхъуэт, уи шыр си бом щIэтщ. Ар къыщIэздыгъуам хуей щыIэмэ, жысIэнур мыращ: адыгэм шы фIыуэ долъагъу, ауэ шы щхьэкIэ зыр зым ещакIуэу, кхъуэпIащэм ещхьу, дызэхэтыну, абы щхьэкIэ ерыщ дызэхуекIуэну сфIэемыкIущ. Сэ лъэпкъ зыкъом соцIыхури кърэлыгъуэ хъухэри ежьэжащ, мэбагъуэ, мэпсэу, малъхуэ, мапIэ. Си щхьэм къызэритIасэмкIэ, мы ди екIуэкIыкIэр ди екIуэкIыкIэнумэ, зыми ямылъытэж жыгъей-фэгъейуэ, щIэ лъым ещхьу дунейм дыкъытенэжыну аращ. Абы иджы, иужьыIуэкIэ сегупсысыжагъэнщ, ауэ ар пэжщ. Нэхъ зэпкърыхауэ ухуеймэ, уи шыр, уи пцIэгъуэплъыр къыщIэздыгъуар мы зыр аращ: Темыркъан узыIэщIилъхьэну тхьэ зэриIуар. Мы ди зэхэтыкIэр ди зэхэтыкIэмэ, уэ абы укъелынукъым. Куэдрэ къэхъуркъым цIыхугъэр, адыгагъэр бзаджагъэм щыпэлъэщ ди зэманым. Ар апхуэдэу щIэхъури гурыIуэгъуэщ. Мо ХьэжылантIэ хуэдэхэр адыгэ хабзэм куэдрэ хэвгъэпщэфIыхьмэ, адыгэ щыIэжынукъым, атIэ никъуэдыкъуэрэ гупщIэуз зэфыкI защIэу къызэхэнэнущ. Феплъ яужь зэманым къэхъуа къудейм. Ислъамджэрий и арэзыныгъэ хилъхьэри Зулий тхьэмыщкIэ делэ иригъэщIащ...

-Ар алыхь Iэмырщ, алыхь Iэмыр, нэжэсыр зыхуэкIуэн, - къэкIуащ ХьэжылантIэ.

-...Модрей уэркъ ябгэм и пхъум, мэл жьагъэ нэхъей, нэпкъыжьэ трыригъэдзащ, ари фIыщIапщIэу жэмыщIэ къратэ.

-Тридзащ хабзэ ти. НытIэ, зинэ защIэкIэ къалъхуауэ дыкъызэхэнэмэ нэхъыфI? Алыхьым щхьэ ущымыщынэрэ? Алыхь Iэмырым уфIэкIынукъым.

-...Алыхь Iэмырым укъигъэувыIа ара мы Хьэмырзэ и Iэпэр щIэпщэу бгъэгъуIа иужькIэ? - дыхьэшхащ Мысост.

-Ахей ара! АтIэ уэ сыкъэбгъэувыIа уигугъэжрэ? Алыхьыр хуеймэ, уэ [illegible]

[illegible]

щIэжкъым, зы лъэкъуэщIэ адрейм иукIмэ, зэфIэкIыу, ар лъэпкъ зауэщ, лъэпкъ ухщ, лъэпкъ гъэкIуэдщ.

[illegible]

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

Къэрабгъэр игу къеуэкIэми егъащтэ

● Псалъэжьхэр

❖Къеблэгъар уи ныбжьэгъумэ, уиIэр егъэшх, къэкIуар уимыфIмэ, фIы дыдэу гъэхьэщIэ. *Шэшэн.*

❖Унагъуэ умыухуэу, жылагъуэ пхуэухуэнукъым. *Шапсыгъ.*

❖Къэрабгъэр игу къеуэкIэми егъащтэ. *Абхъаз.*

❖ УкъыщаIыху щIыпIэм уи щхьэм пщIэ къыщыхуащI, укъыщамыщIыхум къыщалъытэр уи щыгъыныр. *Нэгъуей.*

❖Жьыгъэм щыщIидзэр гушхуэныгъэр щиухырщ. *Къущхьэ.*

● ЩIымахуэ гъэтIылъыгъэхэр

Баклажанрэ жэгундэрэ зэхэлъу

Хэплъхьэнухэр: баклажану - зы килограмм, жэгундэу - килограмм 0,5-рэ, пхъыуэ, шыбжий IэфIу, бжьыну - килограмм 0,5-рэ зырыз, бжьыныхуу - грамм 200, сэхуран дагъэу - литр 0,5-рэ, шыгъуу - грамм 40, фошыгъуу - грамм 50, процентi 9 зиIэ серчэу - грамм 60, къуэн, ухуеймэ, шыбжий сыру - 2.

Баклажанымрэ бжьынымрэ цIыкIуу боупщIатэ, пхъымрэ жэгундэмрэ ботхъунщI, помидорымрэ бжьыныхумрэ лыхьэжым щIыбогъэкI, шыбжий IэфIыр кIыхьу зэпыбогъэж.

Шыуаным дагъэ ибокIэри фIыуэ къыбогъэплъ, абы бжьыныр хыболъхьэри дакъикъи 10-15-кIэ богъажьэ. Абы зэхэпхьэжа помидорымрэ бжьыныхумрэ, шыгъу, фошыгъу, шыбжий IэфI, къуэн хыболъхьэ, серчэ хыбокIэжри зэхыбогъэзэрыхь. ИтIанэ абыхэм гъусэ яхубощIыж жэгундэр, пхъыр, баклажаныр. МафIэм тыбогъэувэри, щIэх-щIэхыурэ зэIыпщIэурэ зы сыхьэткIэ къытыбогъэкъуалъэ. Iэмал имыIэу шыуаным и щхьэр тепIауэ щытын хуейщ. Къытепхыжыным и пэ къихуэу, дакъикъи 2-3-кIэ мафIэр нэхъ гуащIэ бощI. БанкI къабзэм иболъхьэ, и щхьэр тыбоIуэнтIэжри, щIэуфауэ упщIыIухукIэ щыбгъэтщ.

Пхъы салат

Хэплъхьэнухэр: пхъыуэ - грамм 600, помидор хьэжауэ - грамм 400, шыгъуу узыхуейм хуэдиз.

ФIыуэ гъэкъэбза пхъыр е кIыхь цIыкIуу зэпыбоупщI, е ботхъунщIри, сэхуран дагъэкIэ богъажьэ. Шыуаным иболъхьэри, помидор хьэжар щIыбокIэ. МафIэм тыбогъэувэри, дакъикъи 5-7-кIэ къытыбогъэкъуалъэ. Зэрыпщтыру банкIым иболъхьэри, и щхьэр тыбопIэ. ИтIанэ псы пщтырым хыбогъэувэри дакъикъэ 50-кIэ къыбогъавэ.

● Хъуэхъу

Тэрч куейм хыхьэ Борыкъуей къуажэм щыщ Хьэрис Ариаччэ Теймураз и пхъур къыщалъхуа махуэщ, илъэс ирокъури дохъуэхъу!

Ди пхъурылъху гъэфIэн цIыкIу Ариаччэ!
Дыгъэм хуэдэу дыбгъэхуабэу,
Мазэ нуру укъытхуепсу,
Узыншагъэр уи куэду,
Насыпыр уи натIэу,
Лъэ быдэкIэ узекIуэну
Ди гуапэу дынохъуэхъу.
УэркIэ дыгушхуэу
Тхьэм утхуигъэпсэу!

Щомахуэхэ я унагъуэр.

ЗЭГУЭРЫМ Аслъэнымрэ Дыгъужьымрэ зэхуэзащ.

Лъэныкъуэ зэрызригъэза хъуну щIыкIэр къыщыхуэмыщIэм:

- Сэбэп сыткIэ сыпхуэхъуфыну пIэрэ? - жиIэри, фэрыщIагъышхуэ хэлъу, щхъуэжьым мэз пащтыхьым зыхуигъэзащ.

- Си ныбэ изу сыгъашхи, сыт сэ нэгъуэщI сыхуей, къысхуумыщIа щымыIэу къэслъытэнщ! Зэгуэр сэбэп сэри сыпхуэхъужыни. Уи жагъуи зыми къезгъэщIынкъым, - жеIэ и гуапэ хъуауэ Аслъэным.

Дыгъужьри къэгуфIащ. Аслъэным и псалъэхэр пэжу къыгурыIуауэ щытмэ, ячэтхъэнур езыракъым. Апхуэдэу щыхъукIэ, Аслъэным нобэ хэт ишхынуми щхъуэжьым дежкIэ мыхьэнэ лъэпкъ зимыIэ Iуэхугъуэщ!

«Дауи мыпхуэдэ ныбжьэгъу уиIэныр Iуэху цIыкIукъым. Абы щымышынэу зыри къыптегушхуэфынукъым. Сеуэнщи, Аслъэныжьым и нэфI зыщызгъэхуэнщ, и ныбэ изу нобэ згъэшхэнщи, арэзы къэсщIынщ» - йогупсыс апхуэдэу Дыгъужьыр икIи абы зыхуегъазэ:

- О, зиусхьэн! УмыпIащIэ къудей, сэ иджыпсту шэджагъуашхэ бэлыхь къыпхузэзгъэпэщынкъэ! Мыбдежым тпэмыжыжьэу зы Бажэ пшэр дыдэ цIыкIу щопсэури, мис ар уэзгъэшхынщ...

Ахэр жиIэурэ, Дыгъужьым Аслъэныр бажэгъуэм иришэлIащ. Аслъэным и гугъащ Бажэр и гъуэм тыншу кърилъэфыну. Ауэ, дэнэт! Баж эм и гъуэ ихьэпIэр зэвыIуэти, занщIэу къахуилъэфакъым.

Аслъэным и Iуэхур къызэримыкIыр щилъагъум:

- ГъэпцIагъэкIэ сэ ар и гъуэм къыпхуисшынщ, - жеIэ Дыгъужьым, Аслъэным и бампIэр езым къытрикъутэнкIэ къэшынауэ.

Дыгъужьым бажэгъуэм зригъэщэтащ. Бажэ цIыкIури, зиудыгъуауэ, гъуэм исщ.

- Сыту нобэ уфагъуэ, си гъунэгъу дыщэ, къыпщыщIаIа? - жеIэри, фэрыщIагъышхуэ хэлъу йоупщI абы щхъуэжьыр.

- Сыт телъыджэ мы жыпIэр, сыузыншэ нэхъ лажьэ сиIэкъым. УкъыщIэкIу ар къызжеIи нэхъыфIщ, - къилъащ Бажэ хьилэшыр икIи езыр мыпхуэдэу йогупсыс: «Зэи хуэмыдэу мы щхъуэжьыр нобэ бзэ IэфIщ, сыт мурадкIэ си деж къэкIуауэ пIэрэ? Дапхуэдэу мыхъуми - сысакъынщ».

Пэж дыдэу дыгъужьыр бзэ IэфIщ, щIыкIэ дахэхэр иIэщ. Дауэ имыIэнрэт - умыделэу щытмэ, Аслъэным хуэдэ ныбжьэгъу зыIэщIэбгъэкI хъурэ?! Абы езым япэ къэсыр игъэныбжьэгъукъым. Аращи, Дыгъужьым зызэримыщIын Iэджэу зещI.

- Сэ сыдохутыр Iэзэщ, солъагъу узэрысымаджэр! Уфагъ уэщ, уи фэм уитыжкъым. Абы и щхьэусыгъуэри куэд щIауэ хьэуа къабзэм узэрыхэмытарщ. НакIуэ, жьы къабзэкIэ дыбэ уэнщ, къэткIухьынщ. Плъагъункъэ, нэхъыфI укъэхъужынри хэлъщ, - жеIэ щхъуэжьым.

Дыгъужьым куэд щIауэ и нэ къикIырт Аслъэныр и телъхьэ къищIыну. ИщIэрт, нобэ хуэдэ Iэмал етIуанэ гъуэгу зэримыгъуэтыжынури, хулъэкI къимыгъанэу, Бажэжь цIыкIум еубзэрт. АрщхьэкIэ модрейми зыри зэхихыну хуейтэкъым.

- СщIэнур пэж дыдэу сымыщIэ, - жеIэ Бажэ цIыкIум. - Дыгъ уасэ Уашхэр си деж щыхьэщIа къудейуэ аращ. Ар зэрыдохутыр Iэзэри уэ уощIэ, си гъунэгъужь. НтIэ, абы къызжиIащ, гъуэм симыкIыу нэхъыбэIуэрэ сисмэ, си узыншагъэм ар куэдкIэ щхьэпэ нэхъ х уэхъуну.

Апху эдэ псалъэхэр Дыгъужьым игу ирихьынт? И дзэлыфэр итIу хуежьащ.

- КхъыIэ, уи дзэхэр зэрыбгъэшхыурэ, сумыгъэшынэ, - йолъэIу Бажэр хьэщIэм.

Щхъуэжьми зэрыщыуар псынщIэу къищIэжри, ифI зыкърищэжу мыпхуэдэурэ жеIэ:

- СыгушыIауэ аращ, си гъунэгъу цIыкIу, тхьэм щхьэкIэ, уи гу м иумыгъэжалIэ. Уэ узэрысымаджэр уи фIэщ мыхъумэ, сэ нэгъуэщI дохутыр иджыпсту къыпхуэсшэнщ, ауэ, неIэмал, уи гъуэ ипщхьэпIэр зэвыIуэщи, ар мыбы къипщхьэфынукъым. Гъуэ ихьэпIэр тIэкIу нэхъ ин пщIатэмэ, дыкъэпщэх ужат, - жеIэ Дыгъужьыжьым.

Щхъуэжьыр фIырыфIкIэ къызэрымыкIуар, тыншуи зэрымыкIуэжынур Бажэм къыщыгурыIуэм, мыпхуэдэу жэуап кърет:

- Хъунщ-тIэ, нызщхьэбэ фыкъакIуэ! АпщIондэху сэри гъуэ ихьэпIэр нэхъ бгъуэ сщIынщ.

Дыгъужьыр арэзыуэ гъуэм къипщыжащ:

- Ди Iуэхур фIы гуэр хъунущ, Зиусхьэн! Бажэм и гъуэ ихьэпIэр ныщхьэбэ нэхъ бгъуэ ищIыну къызжиIащи, къытедгъэзэжмэ, кIэ къыхуэбгъэкIуэнщ.

Бажэр ауэ сытми къызэрыгуэкI цIыкIутэкъым, атIэ хьилагъышхуэ зыхэлъ псэущхьэт. Куэдрэ мыгупсысэ у, гъуэ ихьэпIэр нэхъ бгъуэ ищIащ. Абы къыдэкIуэу, гъуэ ихьэпIэм хуэзэу мащэшхуэ кърит IыкIри, къуацэ-чыцэ хуэфIу трилъхьащ.

Мыдрейхэри, хьэзырти, замыIэжьащэу къэсащ.

- Ярэби, сыту делэ цIыкIу мы Бажэр! Пэж дыдэу и гъуэ ихьэпIэр нэхъ бгъуэ ищIащ, - къэгуфIащ Дыгъужьыжьыр.

Абы хэту бажэгъуэм тIури зэуэ щипкIэм, мащэ хьэзырым ищэтащ.

- Хьэмэм къилъхуауэ, бзаджэнаджэ, - къэгъуэхъуащ Аслъэныр. - Уи зэранщ мы мащэм сыкъыщIихутар, - жиIэри зэ уэгъуэкIэ Дыгъу - жьым и псэр хиудащ...

ЗэзыдзэкIар
ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.

Мэз таурыхъ

Индонезие шыпсэ

● Налшык



Налшык къалэ и ХьэтIохъущыкъуей жыг хадэм фокIадэм и 1-м къыщызэIуахащ «Арабика» зыфIаща кофе ефапIэ. Мы ухуэныгъэщIэр жыг хадэм и теплъэм дэгъуэу хэзэгъащ, архитектурэ и лъэныкъуэкIэ дэбгъуэн щымыIэу ар яухуащ. Жыг хадэм зыщызыплъыхь дэтхэнэми мыбдеж фIы дыдэу зыщигъэпсэхуфынущ икIи кофе гуакIуэ щефэну Iэмал иIэнущ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● ГушыIэхэр

Зым и ужь ситу къэскIухьыну?

Былэ къыщалъхуа къуажэм лъагъунлъагъу здэкIуэжым, зылI зыкъыхуегъазэ:

- Зы тутын сыкъегъафэт.

- Ахьейуи уезгъэфэн!

- Уэлэхьи, мы тутын зэхэдзэм сеукIым, - жеIэ тутыныр зэрыщIигъанэу псчэн щIэзыдза лIым.

- Зы тутын лIэужьыгъуэ уефэмэ, уимыгъапсчэу нэхъ укъызэтенэнущ.

- Уей жыпIэфам уэ! - псчэ нэхъри къытегуплIам щхьэкIэ къимыгъанэу, ину мэдыхьэшх лIыр. - Тутын зыIыгъ зылI и ужь ситу махуэ псом къэзбгъэкIухьыну ара?!

КъитIысхьэ, Мурид

Аушыджэр къикIыу, ТIатIу хьэлъэзешэ машинэ ису къалэм кIуэрти, автобус къэувыIэпIэм лIыжьитI тету щилъагъум, къигъэувыIэри, нэхъыжьу фэ зриплъым жриIащ:

- КъитIысхьэ, Чыланий, тIу къыздэсщтэу ГАИ-м къысхуидэнукъым, армыхъу си гуапэу уэри уздэсшэнт, Мурид, уи жагъуэ умыщI.

Гъуэгум зыкъом хагъэщIауэ, Чыланий къыщIидзащ:

- Уэлэхьи, Мурид сфIощIым си пIэкIэ уи машинэм къитIысхьэн хуеяр...

ТIатIу зыри жиIакъым, Чыланий къыхуеплъэкIа мыхъумэ.

Зы теугъуэ якIуауэ, аргуэру Чыланий къопсалъэ:

- Сыщымыуэмэ, аращ нэхъыжьыр.

- Ущыуами зэфIэкIащ, Чыланий, Налшык унэсыным къэнэжа щыIэкъым.

- Е гъуэгу махуэрэ, сэ сIэщIэкIа щыуагъэр, уэ ущIалэщи, ар умыщIэми емыкIу хэлъкъым, ауэ сэ дауэ сIэщIэгъупщыкIат Мурид зэрынэхъыжьыр.

Езым нэхърэ Мурид зэрынэхъыжьыр, зэрыщыуар гъэщIэрэщIауэ кърригъэблыжурэ Чыланий тIэурэщэрэ жиIа нэужь, ТIатIу абы зыри пимыдзыжу игъэкIэрэхъуэжри Аушыджэр кIуэжащ. Абы и машинэр Мурид бгъэдихуэри жиIащ:

- ИкI, Чыланий, къитIысхьэ, Мурид, дыщыуэ пэтащ, уэ унэхъыжьщ.

● Псом нэхърэ

Пхъэщхьэмыщхьэ нэхъ лъапIэ къэзыщэхуар

США-м и цIыхубз нэхъ къулей дыдэр «Ку-Эй-Ди» IуэхущIапIэм и унафэщI Лопкер Пэмщ. Абы и мылъкур доллар мелуан 425-рэ мэхъу.

* * *

Улахуэ нэхъыбэ дыдэ къэзыхь юристу къалъытэр Лирэх Уильямщ. Абы и улахуэр доллар мелуани 7 мэхъу. Ар Сан-Диегэ дэт «Мелвин Вайс» фирмэм и унафэщIщ.

* * *

Улахуэ нэхъыбэ дыдэ къэзыхь режиссерыр Спилберг Стивенщ. Абы къелэжь доллар мелуан 283-рэ. ЕтIуанэ увыпIэр иIыгъщ Лукас Джордж. Абы къехь доллар мелуан 249-рэ.

* * *

«Суотч» фирмэм и сыхьэт нэхъыбэ дыдэ зиIэр Италием щыщ Бариндели Фиоренцэщ. Апхуэдэ сыхьэту абы 3562-рэ зэхуихьэсащ.

* * *

Банан нэхъыбэ дыдэ зышхар США-м щыщ Аликан Рональдщ. Дакъикъи 2-м къриубыдэу абы банан 17 ишхащ.

* * *

Пхъэщхьэмыщхьэ нэхъ лъапIэ дыдэ къэзыщэхуар Ирландием щыщ, ресторан зыгъэлажьэ Кук Леслищ. 1977 гъэм абы мэракIуэIэрысэу грамм 453-м доллар 906-рэ щIитащ.

* * *

Пивэ зэрыт бочкэр къемыхьэлъэкIыу нэхъыбэрэ къэзыIэтар Гаскин Томщ. 1996 гъэм, жэпуэгъуэм и 26-м абы сыхьэти 6-м и кIуэцIым килограмм 62,5-рэ зи хьэлъагъ бочкэр 902-рэ къиIэтащ, абы щыгъуэми ар и щхьэм щхьэприIэтыкIыу.

Псалъэзэблэдз



ЕкIуэкIыу: **7**. Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткэ - «Мамэ КIутIатIэ». **8**. Iэщ хъушэ зэхэт. **9**. Хьер зэхъулIэ, зи лэжьыгъэм берычэт куэду къыпыкI. **10**. СомипщI. **11**. Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэрэшей-Шэрджэсми щIыхь зиIэ я артист, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ. **12**. Гухэлъ, мурад, фIэфIыныгъэ, хуеиныгъэ. **15**. Куржым щыпсэу лъэпкъ. А цIэр зи унэцIэхэри ди республикэми щопсэу. **16**. Адыгэ Iэщэ-фащэм щыщ хьэпшып. **22**. ЦIыхубз яшар и дыщ япэу зэрыкIуэж хабзэ. **23**. Мэш, хьэцэпэцэ гъавэхэм я хьэдзэхэр зрищIэкI къэкIыгъэ щхьэкIэ. **24**. Илъэсиплl зи ныбжь хакIуэ. **25**. МазэцIэ. **27**. Иджыри щIамыщIа, уанэ зытрамылъхьа, мыгъэса шы. **28**. ЛIыгъэкIэ, хахуагъэкIэ, лэжьыгъэкIэ адрейхэм къахэщхьэхукI цIыху цIэрыIуэ. **30**. Мэл зыхэвэ нэхърэ ... зыхэпкIэ. **35**. ЛъапIагъ гуэр зиIэ хьэпшыпхэр щызэхуэхьэса, щахъумэ, щагъэлъагъуэ IуэхущIапIэ. **36**. Къамылым къыхащIыкI унагъуэ хьэпшып. **37**. Адыгэхэр Египетым зэреджэ. **38**. Iуданэ зрау, зэрыдэ хьэпшып. **39**. Лъагъуныгъэрэ гущIэгъурэ зиIэ. **40**. Хабзэм тет, къезэгъ, мыхъумыщIагъэ зыхэмылъ. ЦIыху зэтетми узыншэми апхуэдэу хужаIэ.

Къехыу: **1**. Езым и абгъуэ имыщIу нэгъуэщI къуалэбзухэм якIэщIэкIацIэ къуалэбзу мыин. **2**. Къубгъаным ещхьу ипэкIэ зэрахьэу щыта псылъэ. **3**. Щауэр щауэишыж хуащIыху здэщыIэ, здекIуэлIэж унагъуэ. **4**. ЗылъэкIхэм ипэкIэ я бынхэр зрагъэпIу щыта цIыху. **5**. Пхъэ пэгун. **6**. Чыристан диным итхэр тхьэ щелъэIу унэ. **13**. НэхъыщIэхэр, пщIэ хуащIу, нэхъыжьхэр зэреджэ псалъэ. ГъэфIагъыбзэу щIалэ цIыкIухэми апхуэдэу йоджэ. **14**. Iэщхэм я тхьэ. **17**. Зэрызрагъэщ Iэращ Iэ хьэпшып цIыкIухэр къызыхащIыкI гъущIыкIэ лъапIэ. **18**. ФIыуэ зэрылъагъухэр нэкIэ зэрызэрыщIэ. **19**. Уафэмрэ щIылъэмрэ я зэхуакум щыIэ псори; щIы хъурейр. **20**. Ар уи куэдмэ, жэнэтым упыкIащ. **21**. МафIэдз Сэрэбий и повесть. **26**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, драматург цIэрыIуэ. **27**. Мэ гуакIуэ къызыпих, унэ хадэхэм щагъэкI удз. **29**. Муслъымэн диным и махуэ лъапIэхэм, мэрем пшыхьхэм ягъажьэ шхыныгъуэ. **30**. Iэблэ къыхэкIыпIэм и щIагъ. Абы нэхъ хуабжьу кIыли цIыхум иIэкъым. **31**. Щынафэм къыхащIыкI адыгэ пыIэ. **32**. Бийм и мылъкуу, Iэщэ-фащэу текIуахэм къаIэщIыхьэр. **33**. Шагъыр къызыхащIыкI пхъэщхьэмыщхьэ IэфI. **34**. Ижь-ижьыж лъандэрэ къагъэкI, шхынхэлъхьэу къагъэсэбэп хадэхэкI.

Зэхэзылъхьар **УЭРЫШ Нурхьэлийщ.**

ШыщхьэIуми 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **2**. Щтауч. **5**.Шэд. **6**. Бэлъто. **8**. Пхъэр. **9**. Уэркъ. **11**. Дзэлыкъуэдэс. **12**. Къущхьэхъу. **13**.Щыблэ. **14**. Пшэ.**16**. Деж. **18**. Хъыбий. **19**. Уэщ. **20**. Шырыкъу. **25**. МэшбащIэ. **29**. Нартыху.**30**. Уэншэку. **31**. Вы. **32**. Гъуо. **33**. Шэфтал. **34**. Нэтхъуадж. **35**. Хьэмбылу. **40**. Гъымбу. **42**. Щхьэ. **45**. Аруан. **46**. Яжьэ. **47**. Гъущэ **48**. Дакъэжь. **49**. Апэсы. **50**.Псыхьэлывэ. **53**. Урыху. **54**. Мыхъур. **55**. Хьэкъурт. **56**. Гъупщ. **57**. Дыхьэгъ.

Къехыу: **1**. Лъэныкъуабэ. **3**. Тхьэгъэзит. **4**. Чысэ. **6**. Болэ. **7**. Тхьэбысым. **8**. Пащтыхь. **10**. Къалмыкъ. **15**. Шху. **17**. Ер.**21**. Хьэрычэт. **22**. ПщIэгъуалэ. **23**. Хъурыфэ. **24**. Шынакъ. **26**. Бырыб. **27**. Сэлэт. **28**. Пшахъуэ. **36** Джынасу . **37**. Абрэмывэ. **38**. ГурэпкIырэ. **39**. Къайсэр. **41**. Кхъужь. **43**. ХьэкIэзэпх. **44**. Ущ. **51**.Саут. **52**. Вынд.

Пщ Iэр зэрымащIэр къыбгурыIуэн папщIэ, куэд укъеджэн хуейщ.
Монтень Мишель.

● ЦIыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Насыпыр зэлъытар

Пэжыр къыбгурыIуэныр, дахагъэр зыхэпщIэныр, фIым ухущIэкъуныр - ахэращ гъащIэм и купщIэр.
Эпикур.

Къулейсыз узыншэр нэхъ насыпыфIэщ, пащтыхь сымаджэм нэхърэ.
Шопенгауэр Артур.

Акъылыншэм къамэ IэщIэплъхьэми, цIыху хьилэшым унафэ IэщIэплъхьэми зэхуэдэу шынагъуэщ.
Пифагор.

Жыгъэр къызэрыптекIуэракъым гущIыхьэр, атIэ щIалэгъуэр зэрыкIуэрщ.
Дюма Александр.

Гу къабзэрэ псэ хьэлэлрэ уиIэмэ, сыт хуэдэ зэманми ЦIыху цIэ лъапIэр зепхьэфынущ.
Фонвизин Денис.

ЦIыхум пщIэ щIыхуащIыр и цIэрыIуагъыр къызыхэкIаращ, армыхъумэ къызыхэкIар зэрыцIэрыIуэракъым.
Экклезиаст.

Насыпым шыIэныгъэ зыхэлъ цIыхухэм ауэ ярит хъугъуэфIыгъуэхэр, тепыIэ зимыIэхэм и уаситIкIэ ярещэ.
Бэкон Фрэнсис.

ЦIыхум и насыпыр Iуэхугъуит Iым елъытащ: напэ къабзэмрэ сэбэпынагъ зыпылъ IэрыкIымрэ.
Толстой Лев.

Унэгуащэм хуэгъэзауэ

●Чэнджэщхэр

◎ЩIыIалъэм къыдэфха джэдыкIэр занщIэу вгъэвэну тевмыгъэувэ. ЗэманкIэ хуабапIэм щывмыгъэлъамэ, псым зэрыхэфлъхьэу ар къэчэнущ.

◎Варенэ щывгъавэ пэшым нэгъуэщI ерыскъы щывмыгъэхьэзыр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы и мэр варенэм къыхихынущ.

◎ХадэхэкIхэр бахъэкIэ бгъэвэну нэхъыфIщ.

◎Апельсинхэмрэ лимонхэмрэ нэхъыбэрэ хъума хъунущ, сэхуран дагъэ тIэкIу щыхуауэ, зи щхьэр быдэу бгъэбыдэ хъу хьэкъущыкъу илъхьауэ щIыIапIэ деж бгъэувмэ.

◎ КIэрIтофым и фэр зэрытелъу бгъавэмэ, нэхъыфIщ. Абы щыгъуэ витаминхэр нэхъ къызэтонэ.

◎Бдзэжьеимэ къызрих хьэкъ ущыкъур шыгъушыпс щIыIэкIэ фтхьэщI.

◎ Фо зэрылъ банкIым сэ е бжэмышх къыхэбнэ хъунукъым. Фом хэлъщ гъущIым лъэIэса нэужь, ахэр зэхэзыгъэщащэ кислота.

◎ Котлетым хэфлъхьэн джэдыкIэ фимыIэу фрихьэлIамэ, лы хьэжа грамм 250-м хуэзэу кIэртIоф хьэжыгъэ бжэмышхышхуэ ныкъуэ хэфкIути, ар зэкIэрыщэщынукъым, IэфIи хъунущ, теплъэ дахи иIэнущ.

◎ХадэхэкIхэр щагъэкъабзэри щызэпаупщIри Iэнэм шхэну щытIысым и дежщ. Ахэр куэдрэ псым хэбгъэлъмэ, витаминхэр яфIокIуэд.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымы и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къалэ, Ленинымы и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу ПхытIыкI Юрэ** ***(1,4-нэ нап.),*** **Бацэ ФатIимэ** ***(2,3-нэ нап.),*** **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ.** ***КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:*** **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** ***сурэтыщI*** **Бицу Жаннэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №2854